ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№143 (23.801) ● 2018 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щэкІуэгъуэм и 22-м щытепсэлъыхьащ «ЛЬагапІэщІэ» зэпеуэм и япэ Іыхьэм къриКІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Казбек**, «ЛЬагапІэщІэ» зэпеуэм хыхьэ Іуэхугъуэхэр къэпщытэныжкІэ и къудамэм и унафэщІ, «Россия - страна возможностей» Іуэхущ1апІэм и лЫкІуэ **Мантаевэ Калимат**, зэхъэзэхуэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъ гупым и унафэщІ, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**, КЪБКЪУ-м экономикэмрэ финансхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Гъуэлэпщокъуэ Мурат**, «Урысейм и пашэхэр» зэхъэзэхуэм къыщыхэжаныкІа, «Открытие» банкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Нэхущ Аэзмат**, нэгъуэщІхэри.

- Псом япэу фЫщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ лэжьакІуэфЫ хьунухэр къыхэхыным къыхуэздгъэпэщащ «ЛЬагапІэщІэ» зэпеуэм хэтыну гупыж зыщІа псомИ. Республикэм и къэкІуэнум тегузэвыкІыж зэрымымащІэр къигъэлъэгъуащ зэпеуэм хэтыну цыху мини 10-м щІигъуэ зэрызрагъэтхам. Пэжыр жыпІэмэ, апхуэдизэ бжыгъэ щыІэну хуэзгъэфэщат, ауэ нэхъ хьэлэмэт сщыхъуращи, абыхэм я процент 40-р цІыхубзщ. Си гуапэу сохъуэхъу зэпеуэм я япэ Іыхьэм пхыкІаХэм икІи сыхуейт я Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ къыкІэлъыкІуэ Іыхьэхэми щагъэлъэгъуэну. Си фІэщ мэхъу республикэм дежкІи зэпеуэм хэтхэм я зыужьыныгъэмкІи мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. Абы фЫщІэ хуищІащ «Россия - страна возможностей» Іуэхущ1апІэр дэІэпыкъуэгъу къаззэрыхуэхъуам папщІэ.

Зэпеуэм хэтыну зезыгъэтхахэм я процент 93-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ, адрейхэр федеральнэ округи 8-м я щІыналъэ 30-м щопсэу. Зи ныбжькІэ нэхъ щІалэр илъэс 22-рэ мэхъу, нэхъыжь дыдэр - 68-рэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, зэпеуэм хэтхэм я процент 58-м я ныбжьыр илъэс 35-м нэхъри зэрынэхъ мащІэр. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэу тІу е нэхъыбэ зиІэхэр процент 23-рэ мэхъу, щІэныгъэхэм я докторхэр - процент 20-м щІегъу, кандидатхэр - процент 7.

Мантаевэ Калимат зэІуущІэм щІэсхэр щигъэгъуэзащ зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэр - онлайну тестхэр щыІым теухуар - щэкІуэгъуэм и 27-м щІидзэу махуищкІэ зэрекІуэкІынум.

- Тестхэр зэфІэкІа нэужь, нэхъыфІу зыщІахэр яхъэхтэхьн папщІэ щэкІуэгъуэм и 30-м къыщыщІэдзэу дыгъэгъаззм и 9 пщІондэ абыхэм дыхэплъэнущ икІи цІыху 300-м хуэдизэ къыкІэлъыкІуэ Іыхьэм кьедгъэблагъэнущ. Зэпеуэм и мужьрей Іыхьэр екІуэкІынущ дыгъэгъаззм и 19 - 22-хэм. Тестыр зыщІа дэтхэнэми, къигъэлъэгъуа бжыгъэр мащІэми куэдми емыльытыгъ, адэкІэ зэрызыужьыну щыкІэм теухуауэ тхыгъэ еттынущ. ИнтернетымкІэ гугъуехь зиІэхэм Кьалэн куэд щагъэзащІэ центрхэм тестхэр щащІну Іэмал яІэщ», - жиІащ къэпсэлъам.

Мантаевэм дыщІигъащ зэхъэзэхуэм хэтхэм я процент 23-р Іуэхутхъбзэкэр яхуэщІэныжкІэ Іэнатіэхэм я Іыхьэр - онлайну тестхэр щыІым теухуар - щэкІуэгъуэм и 27-м щІидзэу махуищкІэ зэрекІуэкІынум.

- Тестхэр зэфІэкІа нэужь, нэхъыфІу зыщІахэр яхъэхтэхьн папщІэ щэкІуэгъуэм и 30-м къыщыщІэдзэу дыгъэгъаззм и 9 пщІондэ абыхэм

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

«ЛЬагапІэщІэ» зэпеуэм цІыху мини 10-м щІигъу хэтынущ

хуэдизэ бжыгъэ щыІэну хуэзгъэфэщат, ауэ нэхъ хьэлэмэт сщыхъуращи, абыхэм я процент 40-р цІыхубзщ. Си гуапэу сохъуэхъу зэпеуэм я япэ Іыхьэм пхыкІаХэм икІи сыхуейт я Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ къыкІэлъыкІуэ Іыхьэхэми щагъэлъэгъуэну. Си фІэщ мэхъу республикэм дежкІи зэпеуэм хэтхэм я зыужьыныгъэмкІи мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. Абы фЫщІэ хуищІащ «Россия - страна возможностей» Іуэхущ1апІэр дэІэпыкъуэгъу къаззэрыхуэхъуам папщІэ.

Зэпеуэм хэтыну зезыгъэтхахэм я процент 93-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ, адрейхэр федеральнэ округи 8-м я щІыналъэ 30-м щопсэу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ кІэрыхубжьэрыхуэхр зэрызэщІакъуэ щІыкІэр зэхъуэкІыным теухуа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ унагъуэ кІэрыхубжьэрыхуэхр зэрызэхуахьэсыр зэхъуэкІыным теухуа зэІущІэ.

МЫ ІУЭХУМ, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, псэунигъэм и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи абы пыщІащ республикэм исхэм я Іуэхур егъэфІэкІуэныр. Абы и лъэныкъуэкІэ тІэщІэкІ дэтхэнэ зы щыуагъэри жылагъуэхэм я санитар-экологие щытыкІэм зэран хуэхъунущ.

Иджыпсту зэхэлъхьэн яухуэу республикэм щагъэзащІэ унагъуэ кІэрыхубжьэрыхуэ быдзэкэр зэрызэхуахьэс икІи зэрыщІапІэ щыкІэм теухуа схемэщІэ. ЗэІущІэм хэхуэу щыжаІаІащ мы Іуэхум егъэщІылІа щІыналъэ операторым жэуаплныгъэшхуэ зэрыбгъдэхуэр.

КІэрыхубжьэрыхуэ быдзэкэр зэрызэхуахьэс икІи зэрагъэкІуэд Іэмалыщ1эхэр 2019 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ къагъэсэбэпынущ.

Зыхэлъэ Іуэхум теухуауэ зэІущІэм докладэкэр щащІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи Іьабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь., КЪБР-м щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Шаваев И. К. сымэ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. ТІ., министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я унафэщІхэр, район, кьалэ администрацэхм я Іэтащхьэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

2019 - 2023 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэр газкІэ къызэгъэпэщынымкІэ программэр къащтащ

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков А. Ті. дыгъуасэ республикэм и Правительствэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

КЪБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм абы къыщыхилъхьа отчётыр теухуауэ щытащ 2018 гъэм и япэ мазибгъуэм республикэм и къэбар щІыпІэ гъэзэщІа зэрыхъуам. Налог ахъшэу, налогым хэмыхьэ адрей хэхъуэу зэхуахьэсар сом мелард 21-рэ мелуан 743-рэ мэхъу. Республикэ бюджетым а зэманым къигъэсэбэпащ сом мелуан 20-рэ мини 174-м нэблагъэ.

Дзэпкъуэу районым исхэр зэблэу кІэхъэмакІыну псыкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ муниципальнэ мылькым хаГъхьэжащ псы зрикІуэ бжьамийуэ метр 5221-рэ.

Апхуэдэу Тэрч районым щызэхуахьэс кІэрыхубжьэрыхуу быдзэкэр щыщІатІэн папщІэ псори зэхэту гектар 4025-рэ хъу щІы Іыхьэу 15 мэкъумэш щІапІэхэм кьыхагъэкІри промышленностым, нэгъуэщІ мурад хэхам папщІэ кьагъэсэбэп щы лІэужьыгъуэхэм хагъэхьащ. Апхуэдэу даІыгъащ метр зэбгрыкъэнатІэ 29272-м мывэ зэтеуда къыщыщІэхьыным теухуа проектыр.

ЗэІущІэм къыщащтащ 2019 - 2023 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ промышленнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ газкІэ къызэрагъэпэщыным теухуа программэ. Ар хуэунэтІащ ЦІыхухэм я социально-экономикэ псэуКІэр егъэфІэкІуэным, газыр зэрызэбграш бжьамийхэм зегъэувбгъуным. А программэр ебгъэщІэным трагъэкІуэдзэнущ сом мелуан 266,31-рэ.

ЗэІущІэм щыдаІыгъащ «Республикэм и лъэсыщІэ гуфІэгъуэхэр щегъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ» унафэм и проектыр. Абы хиубыдэу къащтащ илъэсыщІэ гуфІэгъуэр гъэхъэзырыныр зи пщІ дэлъ къызэгъэпэщакІуэ щы лІэужьыгъуэхэм хагъэхьащ. Апхуэдэу даІыгъащ метр зэбгрыкъэнатІэ 29272-м мывэ зэтеуда къыщыщІэхьыным теухуа проектыр.

Зэ1ущ1эм къыщащтащ 2019 - 2023 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ промышленнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ газкІэ къызэрагъэпэщыным теухуа программэ. Ар хуэунэтІащ ЦІыхухэм я социально-экономикэ псэуКІэр егъэфІэкІуэным, газыр зэрызэбграш бжьамийхэм зегъэувбгъуным. А программэр гъэззэщІэным трагъэкІуэдзэ-нущ сом мелуан 266,31-рэ.

ЗэІущІэм щыдаІыгъащ «Республикэм и лъэсыщІэ гуфІэгъуэхэр щегъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ» унафэм и проектыр. Абы хиубыдэу къащтащ илъэсыщІэ гуфІэгъуэр гъэхъэзырыныр зи пщІ дэлъ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр. Илъэсыщ1эм ирагъэкІуэкІыну гуфІэгъуэ Іуэхухэм кърихьэлІэнущ школакІуэ мин 12-м щІигъу.

Республикэм и къэрал властым и гъэззэщІакІуэ органхэм зэхэуэкІыныгъэхэр зэрызахъэкІам къыхэкІыу щІэуэ яубыхуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ гунэхэр капитальнэу зэгъэзэпщІыжыныжкІэ щІыналъэ оператор» фондым и попечительскэ советым хэтхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ кІэрыхубжьэрыхуэхр зэрызэщІакъуэ щІыкІэр зэхъуэкІыным теухуа зэІущІэ

МЫ ІУЭХУМ, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, псэунигъэм и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи абы пыщІащ республикэм исхэм я Іуэхур егъэфІэкІуэныр. Абы и лъэныкъуэкІэ тІэщІэкІ дэтхэнэ зы щыуагъэри жылагъуэхэм я санитар-экологие щытыкІэм зэран хуэхъунущ.

Иджыпсту зэхэлъхьэн яухуэу республикэм щагъэзащІэ унагъуэ кІэрыхубжьэрыхуэ быдзэкэр зэрызэхуахьэс икІи зэрагъэкІуэд Іэмалыщ1эхэр 2019 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ къагъэсэбэпынущ.

Зыхэлъэ Іуэхум теухуауэ зэІущІэм докладэкэр щащІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи Іьабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь., КЪБР-м щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Шаваев И. К. сымэ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. Ті., министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я унафэщІхэр, район, кьалэ администрацэхм я Іэтащхьэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр Урысбий Хь. Хь. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Банк Іуэхум зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм икІи илъэс куэд хьуауэ зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Урысбий Хьэмидбий Хьэжмурид и къуэм** - «Урысейм и Ахъшэ хъуманІо» акционер обществэ зэІухам Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэ №8631-м и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№178-УГ

«Анэм и щІыхь» медалыр ятыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сабиитуэ е нэхъыбэ гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу зэрапІам папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр ятын

АРХАГЪЭ Любэ Іэхьед и пхъум - сабиитхум я анэм
АЮБОВЭ Гуля Бадрутдин и пхъум - сабиитхум я анэм
БЭЗ Маридэ Данил и пхъум - сабиитхум я анэм
БИСЕРОВЭ ДзІимэт Мустэфар и пхъум - сабииблым я анэм
ГЪУАПЛЪАЩІЭ Ларисэ Хьэсэн и пхъум - сабииблым я анэм
ДЖАНАТАЕВЭ Бэллэ Евгений и пхъум - сабиитхум я анэм
ЕВДОКИМОВЭ Еленэ Николай и пхъум - сабиитхум я анэм
ЗАШАЕВЭ Иринэ Владимир и пхъум - сабиитхум я анэм
ІРЫГУ Ирэ Исмэхьил и пхъум - сабиитхум я анэм
ІТТИЕВЭ Дарико Борис и пхъум - сабиитхум я анэм
КЪАНЫКЪУЭ Іэсият Хьэмидбий и пхъум - сабиитхум я анэм
КЭЦЫБЕЙ Марьянэ Хьэжы-Мурат и пхъум - сабиитхум я анэм
КУГЪУЗТ Мадинэ Сулътан и пхъум - сабиитхум я анэм
КЪУЩХЬЭ Жаннэ Хьэбас и пхъум - сабииблым я анэм
ЛУКЬЯЕВЭ Фаризэт Зэчий и пхъум - сабиихым я анэм
ХАИРОВЭ Зайнаф Сэхьидулахь и пхъум - сабиитхум я анэм
ХЬЭПАЩІЭ Светланэ Къаф и пхъум - сабиипщІым я анэм
ШЭРУ Лерэ Къэралбий и пхъум - сабииблым я анэм
ШЫДУКІ Валентинэ Темырбий и пхъум - сабийуэ 8-м я анэм
ЮСУПОВЭ Зульфия Мустэфа и пхъум - сабиитхум я анэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м
№180-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэтащхьэм и Указ

Узынщагъэр хъумэныжкІэ Іэнатіэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр яфІэщын «Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министерствэм и «Налшык» санаторэ» узынщагъэр хъумэным елэжь федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

Бабаевэ Фаризэт Борис и пхъум - дохутыр-терапевтым

Мэкъуауэ Жаннэ Алихъан и пхъум - ультразвук диагностикэмкІэ дохутырым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м
№181-УГ

КЪБР-м илъэсищ гъунэгъум тещІыхьа и бюджетым и проектым теухуа зэІущІэшхуэ екІуэкІащ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІи орган нэхъыщхьэм 2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм ятещІыхьауэ КЪБР-м и бюджетым и проектымрэ ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым и бюджетым и проектымрэ ятеухуа зэІущІэшхуэ щыІащ. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и депутатхэм кьадэкІуэу абы хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм и лЫкІуэхэр, КЪР-м и Правительствэм и унафэщІхэмрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ, КЪР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІымрэ аудиторхэмрэ, жылагъуэ зэгухэныпъэхэм я лЫкІуэхэр, республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэу фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и программэм хиубыдэхэм я унафэщІхэр, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я Іэтащхьэхэр, Іуэхум егъэщІылІа адрей Іэнатіэхэм я лЫкІуэхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым Егоровэ Татьянэ зэрыжиІамкІэ, республикэ бюджетымрэ ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым и бюджетымрэ я проектхэм хэпІэныжмкІэ япэ лъэхъэнэу щыт мы зэІущІэм Іэмал кьет бюджетыр зэхэлъхьэным пыщІа Іуэху нэхъ гугъуэхэр убзыхуныжмкІэ, ар гъэззэщІэным пыщІауэ щыІа лъэпощхьэпохэр кьыщІэгъэщІыныжмкІэ икІи абыхэм бгъэдыхьэкІэ тэмэмхэр кьахэзгъэзэныжмкІэ.

Спикерым кьыхигъэщхьэхуакІащ 2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм тещІыхьа республикэ бюджетым и проектыр КЪБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІауэ зыхуэплъэхэм я вариант нэхъыщхьэр и лъабжьэу зэрызэхалъхьар. Финанс документыр программэ хабзэм тету нубзыхуащ, КЪБР-м и къэрал программэ 22-м къыщыгъэувакэр кьэлъытауэ.

- Блэкіа илъэсхэми хуэдэу, бюджет мылъкур нэхъыбэу зытрагъэкІуэдэнэр социальнэ Іэнатіэхэррщ. Абыхэм сом мелард 20-рэ мелуан 645-рэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, 2019 гъэм республикэ бюджетым и хэщІ псомИ я процент 68-р, хухах. Быдэу си фІэщ мэхъу бюджет ахъшэр къэгъэсэбэпыным план пыухыкІам тету зэрыбгъэдыхьэн сэбэпынагъ зэриІэнр икІи республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэхэр гъэззэщІэныр абы къыщызэриГъэпэщынур, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым и бюджетым и проектым и гугъу щищІым КЪБР-м и Парламентым и спикерым къигъэлъэгъуащ ар хэхъуэхэмрэ хэщІхэмрэ я лъэныкъуэкІэ зэгъэуІуауэ зэрыщытыр. Бжыгъэкіэ къапщтэмэ, 2019 гъэм ар сом меларди 9-рэ мелуани 164-рэ, 2020 гъэм сом меларди 9-рэ мелуан 839-рэ, 2021 гъэм сом меларди 10-рэ мелуан 467-рэ мэхъу. КЪБР-м исхэм ящыщу лэжьапІэ Іуныгъэм папщІэ фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм 2019 гъэм КЪБР-м и бюджетым кьыхэкІ взносу сом меларди 3-рэ мелуан 748-рэ хилъхьэнущ.

- КЪБР-м и Парламентыр зэпымыууэ кІэлъоплъ мыпхуэдэ зэІущІэхэм кьыщыхалъхьэ Іуэхуэмрэ щаубзыку чэнджащхэмрэ гъэззэщІэ зэрыхъум. Абы кьыхэкІыу республикэ бюджетымрэ ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым и бюджетымрэ я проектхэр езыгъэфІэкІуэн Іуэху пыухыкІахэр нобэрей зэІущІэми щаубзыхуну дыщогугъ. Къэрал властым и гъэззэщІакІуэ органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ зэфІэкІыу хуэзэщІэгъуэІуапхъэщ нобэ дыдэхэплъэ документхэр тэмэму гъэзэщІэнным, - и псалъэр щиухым жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэхэр

Хабзэ зэрыхъуам тету, дызыхуэкІуэ илъэсищым республикэм иІэну социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІыну къалъытэр вариантитІу зэхалъхьауэ щытащ, зыр нэхъыбэ дыдэу яхуэзфІэкІынкІэ хъунум, етІуанэр - экономикэм и базовэ щытыкІэм ятещІыхьауэ, - мы документыр кьыщыхилъхьэм кьыхигъэщхьэхуакІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ ТІымыжь Хьусен. - Бжыгъэхэр яубзыхуащ 2017 гъэм республикэм и экономикэм кьигъэлъэгъуа лэжьэкІэр зэрызэпкърахам икІи 2018 гъэм яхуэзфІэкІынухэм япкъ иткІэ.

Япэ вариантым, нэхъыбэ дыдэу яхуэзфІэкІыну кьалъытэхэм ятещІыхьам лъабжьэ хуэхъуащ инвестицэхэр Іэмал зэрИэкІэ нэхъыбэу къызэІэгъэІуэныр, инфраструктурэ проект пыухыкІахэр гъэзэщІэныр.

Базовэ Іьабжьэ зиІэ вариантыр зытетыр иджыпсту екІуэкІ социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтІныныгъэхэр къызэтегъэнэныр.

Зыхуеину Іэмалхэр къызэщІагъэуІуэфмэ, 2018 гъэм валовэ щІыналъэ продуктыр процентри 2,7-м нэсынущ. БжыгъэкІэ къапщтэмэ, ар сом меларди 149,8-рэ хъунущ. Іуэхур зытещІыхьа лъэхъэнэм кьриубыдэу валовэ щІыналъэ продуктыр 2018 гъэм елъытауэ процент 12,3-кІэ нэхъыбэ хъунущ икІи сом меларди 168,2-м нэсынущ.

Валовэ щІыналъэ продуктым хэгъэхъуэныр экономикэм и Іэнатіэхэм ящыщу нэхъыбэу къызэзэгъэпэщынур промышленностырщ, мэкъумэш хозяйствэрщ, ухуэнысгъэрщ, розницэ сатурщ.

ЛэжьапІэ Іут цІыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ щІыным теухуауэ яубзыхуа Іуэхуэхэр зэфІэкІэкІа хъумэ, республикэм ику иту маззм щат лэжьапщІэр япэ вариантымкІэ сом 27635-рэ, етІуанэ вариантымкІэ сом 27210-рэ хъунущ икІи 2018 гъэм елъытауэ процентри 5,1-кІэ хэхъуэнущ. КьыщІэкІым тещІыхьауэ кьащтэмэ, улахуэхэм зы процент-зы процентрэ ныкъуэрэ хуэдизкІэ хэхъуэну щогугъ.

ТІымыжь Хьусен апхуэдэу жиІащ республикэм и къэрал властым и гъэззэщІакІуэ органхэм УФ-м и Президентым 2018 гъэм и нэхъыгъэм маззм кьыщигъэкІа Указ №204-м кьыщыгъэувакэр дэгъэкІыным къаруушхуэ зэрырахьэлІэр. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтынущ 2024 гъэм нэсыху экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ лъэщу дяпэкІэ ягъэкІуэтэну зыщыгугъ федеральнэ, лъэпкъ проекту 12-м. Абыхэм япкъ иткІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом меларди 5 хуэдиз кьаІэрыхьэну кьалъытэ. А бжыгъэр иджыпсту ягъэтэмэмыж.

Къэралым и Іэтащхьэм накъыгъэ маззм къыдигъэкІа Указыр, къигъэлъэгъуащ ТІымыжь Хьусен, стратегие кьалэн инхэр гъэззэщІэным - цІыхухэм я социально-экономикэ псэуКІэр егъэфІэкІуэным, нэгъуэщІ кьэралхэм щащІ продукцэм хагъэхъуэным, щІыналъэхэм абы и лъэныкъуэкІэ яІэ зэфІэкІхэр кьаІэтыным, хьэрычэт Іэнатіэм, псом хуэмыдэу бизнесым и Іуэхущ1апІэ мынкэмрэ курытхэмрэ защІэгъэкъуэным, хуэунэтІащ.

КЪБР-м и бюджетым и проектыр

2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм республикэ бюджетым и проектыр утыку кьриубхьащ КЪБР-м финансхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Лисун Еленэ. А зэманым кьриубыдэу бюджетым и бжыгъэхэр яубзыхуащ, къэралым щІыхьэр зыхуэдизымрэ ахэр зехьэным текІуэдэнымрэ кьэпльытауэ. Федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу КЪР-м и бюджетым бюджет кредит хуэхьыным теухуа зэгурыІуэныгъэм, бюджет кредитыр 2024 гъэм нэсыху реструктуризацэ щІыным теухуауэ абы щагъэжьа зэгурыІуэныгъэм япкъ иткІэ республикэм и кьалэнщ къэрал щІыхьэр зэкІэлъыкІуэу нэхъ мащІэ ищІыну. Абы кьыхэкІыу илъэсищым тещІыхьа бюджетыр хэхъуэхэр хэщІхэм яхуэзэкІыну кьащтэнущ икІи кьыдэхуэ ахъшэр кьэралым щІыхьэр гъэмэщІэным хуаунэтІынущ.

Министрыр зэпкърыхауэ кьытеувыІащ 2019 гъэм тещІыхьа бжыгъэхэм.

Хэхъуэхэр кьабжащ сом мелард 31-рэ мелуан 60,6-рэ хъуущ. Абыхэм ящыщу налог ахъшэмрэ налогхэм ящымыщ адрей хэхъуэхэмрэ сом мелард 11-рэ мелуан 346,7-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу процент 95-р налог ахъшэкэрщ. Блэкіа илъэсхэми хуэдэу, налог хэхъуэхэм я нэхъыбапІэр (процент 91-р) кьыззэзыгъэпэщыну кьалъытэр акцизхэрщ, цІыхухэм кьаІэрыхьэ хэхъуэхэм тралъхьэ налогхэрщ, кьаІэрыхьэ фейдэм, апхуэдэу мылъкым ятехуэ налогхэрщ.

КьызэралъытэмкІэ, КЪР-м и бюджетым 2019 гъэм федеральнэ ахъшэу сом мелард 19-рэ мелуан 713,9-рэ кьыхуаутІыпщынущ. Абы щыщу сом мелард 12-рэ мелуан 748,4-рэ бюджетхэр зэхуэгъэхъужыным пыщІа дотацэхэм я хьэкІкІэ кьызэрагъэпэщынущ, сом меларди 5-рэ мелуан 329,3-р мурад пыухыкІахэм трагъэкІуэдзэн папщІэ кьаІэрыхьэну федеральнэ ахъшэу. Федеральнэ ахъшэр тегуэшэнр иджыри зэфІэгъэкІакъым.

Республикэ бюджетым и хэщІхэр сом мелард 30-рэ мелуан 37,8-рэ хъун хуейщ. Абыхэм ящыщу социальнэ Іуэхухэм трагъэкІуэдэнущ сом мелард 20-рэ мелуан 847-рэ.

Къэралым щІыхьэр зехьэным сом мелуан 400 хухах, банк кредитхэр ильэс псом зехьэным текІуэдэнур кьэпльытауэ. 2019 гъэм и кІэуэм ирихьэлІэу республикэм и къэрал щІыхьэр сом меларди 9-рэ мелуан 758,2-рэ хъуущ щытыну кьабжащ. Къэралым щІыхьэм хиубыдэу ахъшэ нэхъыбэ дыдэ, процент 57-рэ, текІуэдэнущ бюджет кредитхэм япкъ иткІэ къащта къалэнхэр гъэззэщІэным.

КЪР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Мэремыкъуэ Сэфарбий кьытеувыІащ 2018 гъэм елъытауэ 2019 гъэм налог ахъшэмрэ налогхэм ящымыщ хэхъуэхэрэ сом мелуан 371,7-кІэ нэхъ мащІэ зэррыхъунум.

- Нэхъыбэу ар зыпыщІар УФ-м и налог, бюджет законодательствэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыкІалъхьарщ. 2019 гъэм организацэхэм я мылъкум текІуэ налогыр кьыщабжкІэ абы ягъэІэпхъуэ мылъкур хаГъхьэнукъым. Абы инвестицэ щытыкІэр иригъэфІэкІуэнущ, сыту жыпІэмэ хьэрычэтщІэхэм налогхэр тралэтыкІынущ, ауэ щІыналъэ бюджетхэм хэщІныныгъэ нэрылъагъуэр яГуэтынущ. Кьэзыпщытэ-къэзыбж палатэм зэрыщыжаІамкІэ, республикэ бюджетым и хэхъуэхэм а щІэуэсыгъуэм кьыхэкІыу сом мелуан 560-м нэблагъэ якІэрыхунущ, - жиІащ Мэремыкъуэ Сэфарбий.

КЪР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и заключенэм зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ а Іуэхущ1апІэм и унафэщІ КІасэ Динэ. Абы зэрыжиІамкІэ, КЪР-м и бюджетым теухуа законым и проектыр УФ-м и бюджет законодательствэм кьыгъуэвкэм ёюзэгъ. Абы кьыхэкІыу КЪР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм КЪР-м и Парламентым чэнджащ ирет зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьажа нэужь законым и проектыр къищтэну.

Республикэ бюджетым и проектым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪР-м щІым и унафэщІым и къуэдзэ Лытневэ Наталье, «Іуэху щІэзэрахьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и КЪБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Гузеевэ Индирэ, Бахъсэн районым и щІыналъэ

● Щэкіуэгъуэм и 25-р Анэм и махуэщ

Анэр дыгъэщ, анэр гъащІэщ

Хабзэ хъуауэ, щэкіуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм ди къэралым щагъэлъапІэ Анэм и махуэр. Бзылъхугъэу щыІэм я нэхъ лъапІэм, анэм, и махуэр ди къэралым зэрыщагъэувэрэ мы гъэм илъэс 20 мэхъу. Абы теухуа унафэ щхьэхуэ УФ-м и Президентым къищтауэ щытащ 1998 гъэм.

«КЪАЛЭНХЭМ я нэхъ гугъур бын къэсэнырыц, цыхум я нэхъ лъапІэр анэрэщ», - жаІэ игъащІэми. Анэм и мыхьэнэр армырами зэрылъагэр, абы хуэдэу псэ хьэлэлрэ бзэ Іэфірэ, гу зэІуахрэ Іэщабзрэ зиІэ Тхьэшхуэм кІигъэщІахэм зэрахэмытыр хьэкъщ, итІани, къэрал унафэкІэ ягъэува а махуэшхуэм иджыри зэ къетэлъагъуэ жылагъуэм, дэтхэнэ цыхум и дежкІи анэм мыхьэнэуэ иІэр, абы гулъытэ хэха зэрыхуэщІыпхъэми аргуэру гу лъыдегъатэ.

Анэм хуэдэу зыми зыхищІэфынукъым быным и гукъеуэрэ гуэвэгъуэрэ. Анэпсэр дапщэщи хущІокъу быныр зэрихъумэным. Абы и гупытэм, и лъагъуныгъэмрэ лъэкІыныгъэмрэ куэдкІэ елъытащ быным и Іуэхур адэкІэ зэрыхъунур, абы гъащІэм щигъэзыну увыпІэр. Ди анэхэращ тхэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыфІхэр кьыпхэзылъхьэфыр, ахэращ ди насыпыр зэтеувэнымкІэ гугъу зыкъыддезыгъэхьыр. Аращ адыгэ псалъжьым «Анэр нэм хуэдэщ» щыжиІэр. Нэр къэмыплъэмэ, цыхур хокІыж, нэсу зыхищІэркъым дунейм и фІыгъуэхэм ящыщ куэдым - апхуэдэщ анэ лъагъуныгъэм, Іэфіыгъэм, щабагъэм уахуэнымкІэ. Абы и жьауэм щІэмыт быныр дыгъэми елыпщІ, жьапщэри кьопхъэшэщ.

Анагъэм къыддэкІуэу, бзылъхугъэхэм ящыщ куэдым я къаурэ зэфІэкІрэ ирахьэлІэ республикэм и зыужьныгъэр егъэфІэкІуэным, экономикэм и унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэр къэзыІэтыныгъэ лъагъунымрэ, медицинэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, сатум, гъащІэм и нэгъуэщІ лъэныкъуэхэми ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэрызыгъэхьа щІыхьбзкэр. Абыхэм яхэтщ анэ быныфІэхэр, анэшхуэ Іумахуэкэр.

Анэхэм яхуэгъащІэ гулъытэ зэгъэгъэуныгъэхэр щІыпІ, ди къэралым щолажьэ социальнэ проект хэхахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэрэ анэхэм я социальнэ пщІэр хэзыгъэхъуэщ, я къалэнхэр ящызыгъэпсынщІэщ. Апхуэдэхэм я нэхъыфІхэм ящыщщ «Анэм (унагуэм) и мылъку» лъапІэ проектыр. Илъэсипщым щІигъащ а проектыр ди къэралым зэрыщылажьэрэ. ЗэрыжаІэмкІэ, ар иджыри щыІэнущ 2021 пщІондэ.

Быным я нэху, я гъащІэ гуаэз анэм и щІэблэм яхуиІэ лъагъунымрэ гъэр къьзэрупщафэм мылъку щыІэкъым. А цІыхум и псэр абыхэм сыт щыгъуи яхуэзІухащ, и щІэблэм папщІэ сыт хуэдэ гугъуехьми пэщІэтыфынущ, и псалъэхэмрэ ІэхущІафэ нэхъыщхьэхэмри зыхуэгъэпсар и сабийр фым, дахэм хуэущиныгъ, гъэгу заухэ тегъэувэнырщ.

Нобэрей махуэшхуэмкІэ дохъуэхъу анэ псомИ. БынэмкІэ яІэ хъуэпсапІэхэр нахуапІэ хъуэ, къащІэхъуэ щІэблэм я гулъытэ зыкъыщІэху, абы-хэм я гуэвэгъуэ ямыльагъуу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кьрату куэдрэ Тхьэм игъэпсэу дэтхэнэ анэри. А фІыгъуэр - анэр - зиІэхэми - куэдрэ Тхьэм къахуихъумэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Я насып куэд ильагъуну

Адэ-анэм я бынхэр, балигъ хъуами, сыт щыгъуи сабийуэ къалъытэу жаІэ. Сыт и уасэ укъэзылъхуахэри пщІыгъуу кьыпщІэхъуэщІэблэм я гъащІэм уакІэлыплъыныр, уи къуэрылъху-пхъурылъхуэм гъэсэныгъэ бгъэдалъхьэу ахэр кьыпщхьащытыныр?! Ди нобэрей тхыгъэр зытеухуар апхуэдэ анэ, анэшхуэ Сэбаншы (Дыджэ) Роззщ.

АР 1937 гъэм Къулыкъуэкин къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 18-м иту ХьэтІокъуащкъуэй къуажэм унагъуэ щихьа нэужь, Бахьсэн консерв заводым, иужькІэ щІыпІэ сымаджэщым щылэжьащ. Жьыуэ зи щхьэгъусэр зыфІэкІуэда цІыхубзым и бынийр зыхуэй зэрыхуигъэзэным хущІэкъуу псэуащ. Псом хуэмыдэу Роззэ елаІэрт ипхъуэмрэ и къуэ закъуэмрэ гъэсэныгъэ тэмэм яхилъхьэным, щІэныгъэ нэс яригъэгъуэтыным. А кьалэн гугъум пэлъэщащ Роззэ. Зи ныбжьыр илъэс 80-м щІигъуа анэр, анэшхуэр, нанэшхуэр иджы ирогушхуэ икІи иропагэ и бынхэмрэ абыхэм къащІэхъуа щІэблэмрэ. НэхъыжьыфІыр ноби хущІокъу и бынхэм щІэтэкъуэн зэрахъуэным, зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми ахэр зэригъэгуфІэным. И къуэрылъху-пхъурылъхуэм, абыхэм я быныжхэм ар яхуоупсэ хуабагъуэ ешэн хэлъым щыщ зыхилъхьэ щы лъэпэщ цыкІуэкмкІэ.

Хьэблэми, благъэ-Іыхьлыхэми пщІэ зыхуащІ, я чанджэщэгъу икІи унэтІакІуэ бзылъхуэри ягъэгуфІэ «нанэ деж» жаІэу кьыдзэхуэсыж сабийхэм. «Абы нэхърэ нэхъ насып щыІэ!?» - жаІэ Роззэ. Быным я дежкІи насыпышхуэщ узыбгъэдыхьэжьи, укъызыгурыІуэн, чанджэщ щхьэпэ къоэзытын, фІыуэ укъэзылъагъу анэм деж уекІуэлІэжьынымр.

Сабаншы Роззэ дохъуэхъу Анэхэм я махуэшхуэмкІэ. И бынхэм, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэм я насып куэд илъагъуу, узынщагъэ быдэ иІэу илъэс куэдкІэ иджыри Тхьэм игъэпсэу.

БАКЪ Мадинэ.

ЦІыху мелуанхэм я гъащІэр зыхалъхьа

Ямэ дунейпсо зауэр зэриухрэ илъэси 100 ирикъуащ

Къэрал нэхъыбэ дыдэ къызэщІэзыубыдахэм ящыщщ Ямэ дунейпсо зауэр. Ар къэхъеиным щхьэусыгъуэ хуэхъуар Австриим и эрцгерцог Фердинанд Францэрэ абы и щхьэгъусэмрэ 1914 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Сараевэ Іэщабзэм зэрыщагъкІарщ.

АПХУЭДЭУ щытми, тхыдэджхэми я къызэрыхагъэщымкІэ, арагъым абы и щхьэусыгъуэ зыхьыщхьэу щытар. А щІэпхъаджагъэр ялэжьыным куэд иІэу haIуэ къэхъуат дунейм щыщыІэ щытыкІэр зэрызэщІэплъэр. «Антанта» зэгуэхьныгъэм хьыхьэ къэралхэмрэ (Урысей империер, Франджыр, Инджылызыр) Германиер, Австро-Венгриер, Уэсмэн империер, Болгариер, нэгъуэщІхэр зыхьыхэ гупымрэ зэрызэныкъуэкъур кІуэ пэтми нэхъ нэрылъагъу хъурт. А зэпэщІэтыныгъэр зауэм зэрыхуэкІуэнри гурыІуэгъуэт.

Псом хуэмыдэу зэтехуэртэкъым капиталист къэралыгъуэ зыхьрэхьэ Инджылызымрэ зи экономикэм лъэщу зиужь Германиемрэ я фІэфІныгъэхэр. Арати, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа укІыныгр тегъэщІапІэ хуэхъури, Австро-Венгрием жиІащ Сербиеи зауэ зэрырищІылІэр. Абы кьыкІэпхьыдащ Германиемрэ ятІэщІыкІэ Урысейм, итІанэ Франджым, Бельгиемрэ къазрезэуэнум теухуауэ къахуигъэхьа тхыгъэхэр. Ауэрэ зиубгъуащ зауэм. Ар щекІуэкІа илъэсхэм кьриубыдэу абы къыхэша хъуат къэрал хэм ящыщ куэдым я къаурэ зэфІэкІрэ ирахьэлІэ республикэм и зыужьныгъэр егъэфІэкІуэным, экономикэм и унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэр къэзыІэтыныгъэ лъагъунымрэ, медицинэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, сатум, гъащІэм и нэгъуэщІ лъэныкъуэхэми ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэрызыгъэхьа щІыхьбзкэр. Абыхэм яхэтщ анэ быныфІэхэр, анэшхуэ Іумахуэкэр.

Анэхэм яхуэгъащІэ гулъытэ зэгъэгъэуныгъэхэр щІыпІ, и псалъэхэмрэ ІэхущІафэ нэхъыщхьэхэмри зыхуэгъэпсар и сабийр фым, дахэм хуэущиныгъ, гъэгу заухэ тегъэувэнырщ.

Нобэрей махуэшхуэмкІэ дохъуэхъу анэ псомИ. БынэмкІэ яІэ хъуэпсапІэхэр нахуапІэ хъуэ, къащІэхъуэ щІэблэм я гулъытэ зымыщІэу, абы-хэм я гуэвэгъуэ ямыльагъуу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кьрату куэдрэ Тхьэм игъэпсэу дэтхэнэ анэри. А фІыгъуэр - анэр - зиІэхэми - куэдрэ Тхьэм къахуихъумэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

СурэтыщІым и дунейм

Сурэтыщ гъуэзджэхэмкІэ музейм, Тканенкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, иджыблагъэ къыщыззІуахащ ЮНЕСКО-м Сурэтыщ гъуэзджэхэмкІэ и дунейпсо ассоциацэм. Урысейм, КъБР-м я Сурэтыщ Іэм я зэгуэхьныгъэхэм хэт, КъБКъУ-м ДизайнымкІэ и колледжым и егъэджакІуэ нэхъыжь Тураев Рустам и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ узэрыщІыхьэу нэм къыІуедзэ зи Іэщ Іагъэм и щэхухэм фІы дыдэу щыгъуазэ Іэпщ Іэлъэпщ Іэм живописым нэхъ нэхъ игъэлъапІэ зэрыщымыІэр. «Мои правила» зыфІиІа гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщІихьа Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр нэр зыгъэгуфІэ, псэм зезыгъэпсэху, куэдым уезыгъэгупсыс защІэщ. Сабийм и гъащІэм щегъэжьауэ балигъым и дунеймрэ и гурыгъэхэмрэ, и маухуэмрэ ар зэригъакІуэ щыкІэмрэ, нэгъуэщІ куэдми ухашэ абыхэм.

И юбилеим ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм зи Іэдакъэщ Іэкі Іэр езыгъэлъагъуну мурад зыщІа щІалэм и гуфІэгъуэр дальгъын, и гуащІэм зыщагъэгъуэзэн папщІэ абы зыкъэрезыгъэхьэлІаэм ар яригъэцІыхуащ музейм и лэжьакІуэ, искусствовед Леонтьевэ Нинэ. ИтІанэ абы утыкур хуит хуищІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іэминат.

- Рустам зыпэрыт Іэхуум хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлщ жьпІэнри зыри хужымыІэхэнри зыщ. И Іэдакъэщ Іэкі Іэхэм ущеплъкІэ зыхьибощІэ нэрымылъагъу хуабагъэ, дахагъэ гуэр, Іэм и мызакъуэу, ахэр псэкІэ зэрыщІар къыуиІащІэу. Нэхъыщхьэр зэрыпльагър нэкІэкъым, гукІэщ. Арагъэнщ Турае-вым и зэчийм и щэхурэ.

Рустам ехъуэхъуну, псалъэ гуапэ хужаІэну хуейхэр куэд хъурт. Апхуэдэу абы и гуащІэм тепсэлъыхьу, ди щІынальэм и мызакъуэу, Урысейм и утыкуушхуэ куэдым и лэжьыгъэхэр къыззэрыщІихьам, и цІыху хэтыкІэм и гугъу яІу, студентхэм фІыуэ къыззэралъагъур къыхагъэщу пшыхьым къыщыпсэлъащ КъБР-м и Сурэтыщ Іэм я зэгуэхьныгъэм и тхьэмадэ Темырканэ Геннадий, цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхухэмкІэ министрым и къуэдзэ ШэнтІыкъу Иринэ, сурэтыщ цІэрыІуэ Колкутин Андрей, ДизайнымкІэ колледжым и унафэщ Кьанло Алим, езым и гъэсэнхэр.

Тураев Рустам псомИ фІыщІэ яхуищІащ икІи гушІэ щыкІэу жиІащ иужьрей илъэсхэм хуэзфІэкІахэр къызрызэщІикъуэж, цІыхухэм я деж зэрызыщухеижь Іэхуу гъэлъэгъуэныгъэр зэрыщытыр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ щІэблэм ядэгъэзгурыкІуэну, абыхэм я лэжьыгъэхэм я гъусэу езым ейхэр утыку кьрихьэну сытым деижи зэрыфІэфІыр. Ар иджыри къохьулІэ Рустам. Къапщтэмэ, музейм и пэш ещанэм цІыхухэм щІалъагъуэжэр езым ипхъу Атэлыкъ Марьям и Іэдакъэщ Іэкі Іэрэщ.

ПсалъэкІэ къэлъэтэгъуейщ сурэтхэм я купщІэр, абыхэм къапкъырыкІ нэхумрэ хуабэмрэ. Аращи, гъэлъэгъуэныгъэм ешІэну хуейхэм апхуэдэ Іэмал яІащ щэкІуэгъуэм и 25-рэ хъуху, ар щызэхуащІыжьынур а махуэращ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зэпеуэхэр

Мылъку зэлъэфэлІэныр ямыдэу

КъБР-м и прокуратурэм сурэтхэм я зэпеуэ ирегъэкІуэкІ Коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ дунейпсо махуэм теухуауэ.

МУРАДЫР хуэгъэзащ щІалэгъуалэр хьэрэмыгъэкІэ мылъку зэлъэфэлІэным пэлэщІэ щІыным, балигъ мыхъуахэр коррупцэ нэщэнхэм щыхъумэным.

Зэпеуэр хьэзэзыгъэпащэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэрщ. Абы хэтыну ирагъэбгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и ещанІэ псоми щІэсхэр. Ар лъэхъэнитІу зэпыудащ:

- ямэ - зэпеуэм къагъэхьа лэжьыгъэхэр къыІах (дыгъэгъаззм и 5-р къэсыхь);

- етІуанэм - зэпеуэм кьрикІуахэр зэхалъхьэж (дыгъэгъаззм и 5 - 7-хэм).

Сурэтхэр конкурс комиссэм хуагъэхь мы хэщІапІэмкІэ: КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ проспект, 16, пэш №205 е цІыхур щыпсэу (е щеджэ) къалэхэмрэ районхэмрэ я прокуратурэхэм. А лэжьыгъэхэр езыхэм ях е лІыкІуэхэм, щеджэ Іэхуущ Іапі Іэхэм я лэжьакІуэхэмкІэ Іэрагъэхьэ хъунущ.

Зэпеуэм кьрикІуахэм якъ иткІэ текІуахэр ягъэпажэ. Абы кьрикІуахэр кьралъхьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и сайтым.

Зэпеуэм теухуа хьыбар къыщыфщІэнущ республикэм и прокуратурэм: КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ проспект, 16, пэш №205, тел. (88662) 40-43-17.

Зэпеуэм теухуа хабзэр апхуэдэу къыщыштрадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и сайтым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Май щІыналъэ

Гъунэгъуэхэр зрагъэцІыху

Май къалэм дзт курыт школ №55-м щеджэхэм ящыщхэм ди гъунэгъу республикэхэм зышапІъыхьащ, езыхэм хуэдэ школакІуэхэм яІущащ.

ЦІыкІуэхэм къызэхакІухащ Грознэ къалэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэр: «Грозный-Сити» хьэщІэщ Іьагэр, Кадыров Ахъмэт-Хьэжы и фІэеплъ музейр, «Шэшэным и гущІэ» мэжджытыр.

Шэшэным икІри, еджакІуэхэр Ингушым и къалащхьэ Магас кІуащ. ЦІыху мини 6 фІэкІа зыдэмыс къалэр зыгъэдахэ ухуэныгъэхэм ящыщщ метри 100 зи лъагагъ «ЗэгурыІуэныгъэм и чэщэр». Абы и щыгум уиту къалэм хуиту ухоплъэ. Магас и курыт школхэм щеджэ цІыкІуэхэм хьэщІэхэм къыжрагащ я хъуэпсапІэри - мыгувэу къалэм зоопарк къыщыззІуахыну поплъэжэр.

Ди республикэм икІа сабийхэм я нэгу зиужьауэ къагъэзэжащ. «Ди зэныбжьэгъуэгъэ зэгъэфІэкІуэн мыпхуэдэ зэІущІэхэм адэкІи къыпытщэну дыхуейт», - жаІащ еджакІуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 24, *щэбэт*

♦Мышэхуэным и дунейпсо махуэщ
♦США-м щагъэлъапІэ зэныбжьэгъуэхэм я махуэр
♦1861 гъэм Урысейм и император Александр ЕтІуанэм и унафэкІэ Министрхэм я Сэвет къызэрагъэпэщащ.
♦1874 гъэм Америкэм щыщ Глидден Джозеф гъущІ кІапсэ банэр къызэригупсысам теухуа патент къратащ.
♦1905 гъэм Севастополь къулыкъу щызыщІэ хьэдэпІэхэм зыкъаІэтащ. Лейтенант Шмидт Пётр зи пашэ цІыхухэм пащтыхьым хуагъэувырт демократие хабзэм тет республикэ къызэригъэпэщыну, цІыхухэр зэхуэсыну, я гуныкъуэгъуэхэр жаІэну хуит ищІыну, лэжьэгъуэ махуэр сыхьэтий фІэкІа хъун хуэмейуэ.
♦1927 гъэм Москва къыщыізэІуахащ Опереттэм и къэрал театрыр.
♦1944 гъэм ирахащ. Прибалтикэр - Эстониер, Латвиер, Литвар - нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжыным теухуауэ советыдзэхэм ирагъэкІуэкІа зауэхэр.
♦1956 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ балъкъэр, къэрэшей, кьалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфІэгъэувэжьным теухуауэ.
♦2002 гъэм Брянск къалэм щыщ школакІуэ Непомнящий Ян ныбжьыщІэхэм шахматхэмкІэ я дунейпсо зэпеуэм щытекІуащ. Чемпионым и ныбжьыр илъэс 12-т зэрыхъур.
♦Урыс дзэзешэ цІэрыІуэ, генералиссимус **Суворов Александр** къызэралъхурэ илъэс 289-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ психолог цІэрыІуэ, тхакІуэ **Карнеги Дейл** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.
♦Адыгэхэм, Кавказым я тхьдэр зыдж, АР-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Половинкин Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Совет композитор цІэрыІуэ, РСФСР-м гъуэзджэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шнитке Альфред** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, УФ-м щыхь зиІэ и артистка **Крачковская Наталье** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Теленэтыныгэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Урысей телевиденэм и академие» фондым и академик, КВН джэгукІэр къызэзэІуэпэщахэм ящыщ **Масляков Александр** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр цІэрыІуэ, зи лэжьыгъэхэр Европэм щекІуэкІ кинофестиваль куэдым щытекІуа **Кустуриц Эмир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 – 8, жэщым щыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 25, *тхьэмахуэ*

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ Анэм и махуэр
♦ЦІыхубзхэм залымыгъэ якІэлъызехьэным пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1999 гъэм дыгъэгъаззм и 17-м къищта унафэмкІэ ягъэуващ ар.
♦Урысейм и мамырщІэкъуэ дзэхэм я махуэщ
♦Босниием и къэралыгъуэм и махуэщ
♦1339 гъэм Москва Кремлым жыгейм кьыхэщІыкІа и блынхэр зэтелъхьэн щІадзащ.
♦1735 гъэм ягъэжащ Пащтыхь-тхьэгъуэшыр.
♦1741 гъэм Черкасский Алексей (адыгэщ) и пщэ иралъхьат Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ императрицэр и кьулыкъум зэрыпэрыувэну манифестымрэ абы ищІыну тхьэрыІуэмрэ зэхилъхьэну.
♦1867 гъэм Швециием щыщ химик, инженер Нобель Альфред ирагащ динамитыр кьызэригупсысам щыхьэт техъуэ патентыр.
♦1935 гъэм СССР-м щагъэуващ «ЩІыхьым и Дамыгъэ» орденыр.
♦1942 гъэм Іэ щІадзащ советфранджы зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ кьызэрагъэпэщауэ щытащ кьхъулІатэзэхуэхэм я «Нюрнданде - Неман» эскадрильэ цІэрыІуэр.
♦Урыс хирург, академик **Пирогов Николай** къызэралъхурэ илъэс 208-рэ ирокъу.
♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Мордюковэ Ноннэ** (и цІэ дыдэр **Ноябринэщ**) къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Литературоведэ, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Шэвлокуэ Пётр** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, публицист, АР-м щыхь зиІэ и журналист **ЛІыхъуэсжь Хьэжрэтбий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Хъуакіуэ ФатІимэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 10, жэщым щыІэр градуси 2 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 26, *блыщхьэ*

♦Информацэм и дунейпсо махуэщ
♦Бакъащ Іэм и дунейпсо махуэщ
♦Абхъазым и Конституцэм и махуэщ
♦1394 гъэм Сеул Кореем и къалащхьэ хъуащ.
♦1832 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейм Іэщ Іэкі Іэ Зэщ Іэуэзэда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
♦1925 гъэм ягъэунэхуащ Туполевым и «АНТ-4» кхъухьлъатэр.
♦1963 гъэм ялэу ягъэлъэгъуащ «НэхулъэфІ фыкьыкІ, цыкІухэ!» нэтынкр. ♦ХьэкІэжьхуэкІэхэр, псом хуэмыдэу къаплъэнхэр, утыкум «щыджэгуным» хуэзыгъасэу щыта, РСФСР-м и цІыхубз артисткэ **Назаровэ Маргаритэ** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Теленэтыныгэр езыгъэкІуэкІ, РСФСР-м и цІыхубз артисткэ **Шатиловэ Аннэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦США-м щыщ уэрэджьІакІуэ, актрисэ, «Грэмми» саугъэтыр 8 зыхуагъэфащэ **Тёрнер Тинэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Сурэтыщ, КъШР-м щІыхь зиІэ и художник **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщ, КъБР-м щыхь зиІэ и журналист **Жыласэ Маритэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 8, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэр зыщагъашхэм щобанэ.

● КъБР-м и МВД-м къет

ЗанщІэу зыпыфщІэфынущ

ПщІэ зыхуэтщІ ныбжьэгъуэх! КъБР-м щыІэ МВД-м и коллегие пэшым 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м сыхьэт 11-м къыщыщІэдзауэ 12 пщІондэ щекІуэкІынущ Іулъхьэ тын-къэхьыным пэщІэтыным теухуа «Прямая линия».

УпщІэ зиІэхэр фыкъэпсалъэ КъБР-м щыІэ МВД-м дзыхь зрагъэзэ и телефоным - 40-50-62. Къэпсэлъам зибзыщІмэ, зэкъэзэрыхуигъэзэм хэплъэнукъым.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Мыхъумыщ Іагъэм зыщадзеиным уауущий

«Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ щынагъуэнщагъэмрэ папщІэ» фІащауэ наркотикым зэрыпэщІэт Іуэхум и етІуанэ Іыхьэр йокІуэкІ.

АБы хьихьэу, КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакІуэм кІэлъыпІъыныжьмкІэ и управленэмрэ Урысей МВД-м Дзэлъхьэ районныжьмкІэ и къудамэм Балигъ мыхъуахэм я ІуэхухэмкІэ и Іэнатэмрэ я лэжьакІуэхэм акъылыр зыгъэутхьэ пкъыгъуэхэр я къмыгъэзэбэныным теухуа лекцэхэм къыщыджащ Къамылыкъуэ, Псынэдахэ къуажэхэм я курыт дежкІэ.

Іуэху щхьэпэм хэтащ школхэм я унафэщІхэмрэ дзэкІакІуэхэмрэ.

ЗэІущІэм хэтахэм школакІуэхэм яраІащ наркотикхэкІэхэр зэхьэлІэным кьриІуэр, хабзэм кьемызэгъэшІу наркотикхэр зегъэкІуэным пыща хабзэншагъэхэмрэ щІэпхъаджагъэхэмрэ зылэжьэр жэуапым зэрыраІащ. Ныбжьыщ Іэхэм чэнджэщ иратащ я узынщагъэр зэхъуэжыну, Іейм пэлэщІу псэуну.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Насыпым и дамыгъэ

***Къафэ гъуазджэр, щэнхабзэм и къутъэфІыгъэхэр, лъэпкъ фащэм и дахагъэр цІыкІубэм я пащхьэм щызыгъэлъагъуэ, КъБР-мрэ УФ-мрэ цІыкІубэ къафэхэмкІэ щапхъэу къыщалъытэ «Нал цІыкІу» ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 ирокъу. Абы ирихьлІэу зыхуэдгъэзащ гупым и художественнэ унафэщІ Куэшей Алик.**

- Алик, илъэс 30-кІэ уэзІэбэкІыжрэ, къэфакІуэ гупым я гъэсакІуэ уэзрыхъуамрэ уи гуп дахэр къызэрызэбгрыкІыпэщ щэрэ укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.

- Сыэзрысабийрэ къафэм сырихьхьу щытащ икІи «Щэджэм псыкІельэхэр», «Ашэмэз», «Нальчанка» ансамблхэм сыхэтащ. ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къафэзэ институтым, нэхъапэІуэкІэ Культпросвет училищэу щытам, къафэмкІэ иІэ къудамэр къэзухащ, езыр-езыру къыхэзгъэпэща къафакІуэ гупхэм я унафэщІ Іэщ1агъэр сиІэу. ИтІанэ дзэм кІулікІу щысщІащ. Къэзгъэзэжа нэужь, 1988 гъэм щэкІуэгъуэм и 2-м къызэзгъэпэщащ ансамблыр. Курыт еджапІэм и 6-нэ классым сыщыщІэсым я инагъкІи, фащэкІи зэщхьыркъабзэу телевизорымкІэ сгъэгъуа куржь сабий къэфакІуэ ансамблыр тепъыджэ сщыхъуат. ЦІыкІуэхэм зэрызыгъуэ дахагъэм апхуэдизкІэ ситхьэкъуати, абы щыгъуэ мурад быдэ сщІат ныбжьыщІэхэм я къафакІуэ гуп кІыхьзэгъэпэщыну икІи кІыхьзэхъуІащ. Иджы ар лъабжьэ быдэ зиІэ ансамбль зэрыхъуам дрогушхуэ.

- Къафэ гъуазджэм и щэхуэхэм уэхэшГэгъуэзар хэт?

- «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къафакІуэу щыта, журт лъэпкъым щыщ Шабаев Аликрэ Нырхэ Азидэрэ Ныбжьыщ1эхэм я республикэ унэм дыщагъасэу щытащ. Шэджэм Езанэм Щ1энхабзэмкІэ и унэм и «Шэджэм псыкІельэхэр» ансамблым илъэс 25-кІэ сыщылэжьащ, сыкъыщыфэу икІи ныбжьыщІэхэм я гъэсакІуэу. Къишынэмыщауэ, абы щыІэ театрми сыщыджэгуащ. Нартан къуажэм илъэситкІкІэ сыщылэжьащ. ИтІанэ Шэджэм сашэжащ. Нартан къуажэм Щ1энхабзэмкІэ и унэм щызэхэта ансамблым сыхэтащ икІи егъэджакІуэу сыщыІащ. Иужьым, езыр-езыру къызэзгъэпэща «Нал цІыкІу» ансамблым сакъынэжащ. А цІэр фІэсщын и пэ адыгэбзэкІи урысыбзэкІи куэд дыдэ зэсхъуэкІащ. «Нал цІыкІу» нэхъ сигу ирихьри, абы сыкъытеуыІащ, сыту жыпІэмэ, «Нал цІыкІу» насыпым и дамыгъэу, абы насып къыщІэкІуэу сыкъалъытэ. Урыс, тэтэр е нэгъуэщІ ирехъу, лъэпкъ куэдым я бжэхэм нал цІыкІу ФІадзэ. Аращ «Нал цІыкІу» щІыфІэсщари. Сурэт щІыным сыдиухьхьыри, ансамблым и логотипым и сурэтри сэ згъэкъэзыфыжащ.

- Ансамблым, дауи, уи закъуэ къаукІэ уэзрыпэмылъэщынур гурыІуэгъуэщ. ДэІэпыкъуэгъу къыпхуэхъухэм я цІэ къоз-гъэІуэнут.

- Сабийхэр куэду ди деж къэкІуалІэ. Гупищ (нэхъыжь, курыт, нэхъыщІэ) диІэщи, псори зэхэту цІыху 70-м щІегъу. ЯпэщІыкІэ илъэсих зи ныбжьэр къэтащтэу щІэдзащ, ауэ пІІы-тху хьухэр къытхуашэ щыхъуи, ахэри Іэщ1ыб тщІакъым. ТфІэфІ дыдэу цІыкІухэм дадолажьэ. Пщэдджыжьми шэджагъуэ нэужьми къаІуэ гупхэр диІэщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабий тІощІ ди деж къэкІуэлІамэ, абы щыщу тхур къытхуэнэми араща. Лэжьэн щІэбдза нэужь гугъуехьэр куэдщ. ТІэкІу зэрыдздгъэлъеиж игъэшынэу, къэкІуэн щызыгъэтэжхэри яхэтщ. Сабийр къызэрашэу занщІэу сценэм къыщыдгъэфэну къащохъу адэ-анэхэм. КІэщІу жысІэнщи, ди деж къанэр къафэр зи псэм хэлъхэрщ, гугъуехьхэм щымышынэхэрщ. Зэрытпъэгъуащи, адрейхэр кІэрощэщых. ЗэныбжьэгъуитІ къэкІуамэ, зэштегъэууэ гъусэ къыхуэхъуар къанэу, адрейр щыкІэрыхъуж щыІэщ. Япэрей сабийхэм хуэмыдэу, иджыпрейхэр сымаджэрилэхэщ, кІарууншэхэщ. Къапщтэмэ, иджыпсту щыІэ хьыджэбэ цІыкІухэм нэхъ къаруяхэлъщ, щІалэ цІыкІухэм нэхърэ. Ди деж къэкІуэным сыхьэтитІ иІэжу шхауэ къекІуэлІэну чэнджэщ ядот, мышхэмэ, къару яІэныкъыми. Зэрыбгъуи хуэдэурэ дадолажьэ, гугъуехьхэм пэлъащІыфхэр кІыхьонэ, адрейхэр хокІыж. Мы илъэс 30-м кІуриубыдэу илъэсипщІкІэ ди гупым хэтауэ цІыхуипщІ диІэщ. Зыри хэдгъэкІыжыркъым, ауэ хэгъэзыхьи щыІэжьым. Щхьэж зэрегуакІуэщ.

Си лэжьэгъу-дэІэпыкъуэгъу хъужар «Нал цІыкІум» хэта си гъэсэнхэу Борсэ Руслан Мамрэшэ Нарирэрэщ. ТІуми ГъуазджэмкІэ институтыр диплом плъыжькІэ къаухащ, щІэныгъэ яІэщ. Наирэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къафакІуэщ. «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр иджыблагъэ къызыхуагъэфэща Борсэ Хьэйишэт къызэдолажьэ. Урысейм ис лъэпкъхэм я ансамблеем и дыщэ медалри къызэзрыратам дигъэгушхуащ.

ЕхъулІэныгъэхэр ди куэдщ. Ар я фІыгъэщ къетхьэжьэ Іэзхуэзр къыддэзыІыгъ адэ-анэхэм. Апхуэдэу дызэкъуэмытмэ, адэкІэ дыкІуэтэфынутэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэралым мылъку тхухихыркъым, езыр-езыру ди щхьэ дымыпІыжмэ.

- Пэж дыдэу уи гупым я Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ, ди республикэм къишынэмыщІауэ, гъунэгъу щыналъхэм, Урысейм, хамэ къэралхэм щызэпхащІысащ. Ныбжьыщ1эхэм зыщагъасэ пэшым щызэхуэзыхьэса саугъэтхэр, щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр абы и щыхьэтщ.

- ЗэрыжыпІащи, ди ансамблым фестиваль, зэпеуэ жыпІэми, дунейпсо щэнхабзэ зэхьыхьэ куэдым я зэфІэкІ щагъэльагъуэ. Ди республикэм щекІуэкІ пшыхь гъэщІэгъуэнхэм, концерт гуэкьинэжхэм дызэрыгагъэблагъэр гуапэщ икІи тфІэфІу дыхэтщ. КъишынэмыщІауэ, Урысейм и щыналъэ зыбжанэм, СНГ-м хыхьэ къэралхэм, Тыркум, Израилым, Венгриеи, Грециеи, нэгъуэщІ хамэ щІыпІэ куэдым дыщыІащ.

Мы гъэм Сочэ къалэм щекІуэкІа ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым драгъэблагъащ. «Золотой дельфин» зэпеуэм илъэс куэдкІэ дыхэтащ. Апхуэдэ зэхьыхьэхэм ди ныбжьыщІэхэм зэрызыкъыщагъэльагъуэр гукъинэжащуокъу. Сабийхэм щадэІэпыкъу псапащІэ Іэзхуащ1апІэхэм зэрытхуэзэфІэкІкІэ защыдогъакъуэ. Махуэшхуэхэм ирихьэлІэу нэгуэныкъ программэхэр, концертхэр къызэдгъэпэщурэ догъэльагъуэ. Сабийхэм, жьы хъуахэм я унэхэм концертхэр щыдот.

Ди къэфакІуэхэм гуапэ ящыхьыщ зэхьыхьэшхуэм здыхэтым ди къэралым и Президент Путин Владимир ансамблым гулъытэ къызэрытхуищІар, ди цІыкІухэм я гъусэу сурэт зэрызытригъэхар. Апхуэдэу, ди республикэм и Іэтащхьэу щытахэу Кьанокъуэ Арсенрэ КІуэкІуэ Юрийрэ драгъэблагъащ. Кьэжэгъэщыпхъэщ дыздэщыІа щІыналъэхэм я унафэщІхэми гулъытэрэ пщІэрэ къызэрытхуащІар. Ди гъэсэнхэм я ехъулІэныгъэхэм ятеуухуа тхыгъэхэр щыпІэ куэдым къыщыдэкІ газетхэм хамэ къэралыбзэхэмкІэ къыщытехуащ. Щэнхабзэ зэхьыхьэ зыбжанэм къыпэкІуащ саугъэт нэхъыщхьэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр. Ди ныбжьыщІэхэм зи щІэныгъэм адэкІи хэзыгъахъуэхэр, «Кабардинка», «Балкария» къэрал академическэ ансамбль цІэрыІуэхэм къыщыфэхэр, Москва къафэ гъуазджэм щыхуэзыгъасэхэр гъунэжу яхэтщ. Дэтхэнэм и зэфІэкІми дрогушхуэ, дропагэ, дамэ къытратыжкІэ.

- Кавказым ис лъэпкъхэм я къафэхэм фІыуэ фІыщІгъуазэщ. Нэхъ фызыхуэІэзэм я гугъу къытхуэщІыт, Алик.

- Лъэпкъ къафэхэм ящыщу нэхъыщІ дыдэу дызыхуэІэзэр, дауи, ди адыгэ къафэ лІэужьыгъуэхэрщ. Лъэпэрисэ, лъэпэрышэ, ислъэмей, удж пыху, удж хэш жьпІэми, ахэращ псом нэхърэ нэхъ дызыхуэІэзэр. Дагьыстэныи, Къэрэшей-Щэрджэсыи, Щэшэныи, нэгъуэщІ куэдым я къафэхэми гулъытэ щыхуэтщІынущ ди пшыхьми.

Къафэ лІэужьыгъуэ щыжьпІэкІэ, дэтхэнэми тхьидэ щхьэхуэ ящыдокІужкІ. Абыхэми ди гъэсэнхэр хьдогъэгъуазэ, къафэм къыгуэхыпІэ иІэкъыми. Африкэм къикІа хьэщІэхэр щыщІэупщІэ щыІэщ ди ныбжьыщІэхэр къыщыфэкІэ щІыдэлъеиф. Абы къыхэкІыу къафэм и тхьідэми нэгъуэщІ лъэпкъхэм щыщІэр хагъэгъуэзэн зэрыпыщІар жаІэ ди сабийхэм. Щхьэж и къафэм и хабзэ я иІэжщ.

- Къафэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ къыгуэхыпІэ зимыІэ адыгэ хабзэм, зыныгъэкІэм, утыку итыкІэм сабийхэр зэрыхэвгъэгъуазэм щэч къытрахьэжу къыщІэкІынукъыщ сценэм хуэІэзэ фи ныбжьыщІэхэм яхэлъ Іэдэбгагъыр зыльагъуэм.

- Іэмал имыІэу адыгэ хабзэм хьдогъэгъуазэ. Ныбжьыщ1эхэм баштекъуэзкІэ хабзэр едгъащІэркъым икІи тхуегъэщІэнукъым, атІэ дащ1эпажьэкІэ псынщІагъэ гуэр щадэтпъагъуэкІэ дыущий мыхъумэ. Дахагъэр уардагъэрэ зыдэплъагъуэм, дауи, хабзэми хащІыкІыпхъэщ.

Нэхъапэм гъунэгъу республикэхэм щыщ ди ныбжьэгъу къафакІуэ гупхэр кьедгъэблагъэуэрэ Щэджэм псыкІельэхэм, Іуащ1ьэмахуэ льэпэм, Гуэл щ1ыналъ-тІэхэм я нэгу зыщедгъэужьу щытащ. УнагъуэкІэрэ тедгуашэрэ тхьэмахуэкІэ дгъэхьэщІэу, ди льэпкъ хабзэми хэдгъэгъуазэу. Ди сабийхэми абыхэм я деж зыщрагъэплъыхьырт. Абхъазым зауэ щыщыІам я сабийхэр кьэтшащ, мылъкукІэ дадэІэпыкъащ. Аращи, иджы щыІэ «ЗэныбжьэгъуГъэ» проектым ди гупыр 1989 гъэ льандэрэ яужь итщ. Иужь дыдэу Кьалмыкъым дыщыІащ, я члисхэм, шахмат Олимп пщІантІэм зыщыдгъэплъыхьащ, я тхьідэм дыхагъэгъуэзащ. Ди ныбжьыщІэхэм щІэщыгъуэ куэд яльэгъуащ. Ди щІалэ къуданхэмрэ пщащэ зэкІужхэмрэ кьафэм щаІэ зэфІэкІхэр зэрагъэлъагъуэм къыдэкІуэу, гъунэгъу льэпкъхэм я щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зыхагъэгъуэзэныкІэ, ар Іэмалыфщ. Ныбжьыщ1эхэр нэхъ гъунэгъуу зэроцІыху, я зэныбжьгъуитъэр нэхъри ягъэбыдэ.

- Къыщэрыхэбгъэщащи, фи гупыр хамэ къэралкуэдым щыІащ. Ди адыгэ хабзэр, Кавказым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр утыку щывогъэльагъуэ, зэпеуэІэхэм ейм зыщывогъэгъуэзэ. Хамэ къэралхэм фызэрыщыхьэщІам, нэгъуэщІ лъэпкъхэм я щэнхабзэм, гъуазджэм, псэукІэм ехьэлІауэ къэфащІам утезгъэпсэлъыхьынут.

- 2011 гъэм и гъэмахуэм зэ ежьэгъуэм къриубыдэу Израилымрэ Иорданиемрэ дызэрыщыІар гукъинэж тщыхъуащ. Ар зи фІыгъэр псори кьытхуэзэзыгъэпэща ХьэфІыщІэ Мухьэмэдщ. ЯпэщІыкІэ Израилым дыкІуащ, абы дикІри Иорданием, аргуэру Израилым дгъэзэжащ. Иорданием щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Кьардэн Самир гуапэу дригъэблагъащ икІи абы зы концертышхуэ щІыттащ, Хасэр зэхуашэсри. КьыхэгъэщІыпхъэщ Иорданием щылэжьыгъ, цІыхухэу Хасэхэр щхьэхуэу зэрыщыІэр. Абыхэм хэтхэр зэхуашэсри кьэтІущІащ, я Хасэр дагъэщІыхуащ, дагъэльэгъуащ. Израилым дэт адыгэ къуажитІым - Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ - дыщыІащ, фестивалым драгъэблагъэри. ЖьылитІми концертхэр щыттащ, пщІэшхуэ диІэу. Адыгэ унагъуэхэм дыпрагащэри, дагъэхьэщІащ, ди сабийхэр бысымхэм ядэждзгуу. ГъэщІэгъуэн куэд щыттІэгъуащ, я зэхэтыкІэр, псэукІэр щІэщыгъуэ тщыхъуащ. А кьуажитІым щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэр зэрыпсэуэкІуэм гу лъытащ. Ди сабийхэр хьщІежьэжым, кьэкІуэжыну хуэмейуэ, я нэпсхэм къызэпажьихьат.

Израилым дыуэ щыдагъэщІа кхъэм сыни щыплпащІыпуртэкъым, губгъуэ нэщІ мыхъумэ. Кхъащхьэ зэримытыр сфІэгъэщІэгъуэну, сыщІэупщІащ сыныр кьызэрагъэтыж щыкІэм. Абдеж кхъэщІащ зыри кьыхамыгъэщхьэжхІыкІ псоми зэхуэдэу ящыІэ зэрыщыІар икІи ар псоми я льысыу кьызэралъытэр. Иджыри зы упщІэм и жэуапым сыльыхьэурт. Иужь дыдэу щІалъхьам хэмыгъуащэу мащэр кьыщатІыну щІыпІэр зэрагъэбелджьылым сыщыщІэупщІэм, къэсщІащ и кум деж хуэзэу ягъэпІыльэ мывэмкІэ ар кьызэрагъэтыжыр. Ар журт хабзэм щыщу адыгэхэм я кьащтащ.

Дыздэщыіа щыналъэхэр кьызэщІэпкъуэжмэ, ди сабийхэм псом нэхърэ нэхъ ягу ирихьар Израилращ. НэхъапэкІэ здэщыіа Словениери гукъинэж ящыхьуащ, сыту жьпІэмэ щІыхьэщІьэхэр хьэлэмэту кьызэрагъэпэщырт, фестивальым кьеІуэлІаэхэр щхьэж и льэпкъ, и къэрал я джэгуІэр, кьафэр яГъэльагъуэу зэхэст, зэпеуэ щІыкІэу. Аращ удиныхьэхьнкІэ Іэмал зимыІэ Іэзху дахэхэр щІэщыгъуэ щІащІыхьари.

Тыркум щыпсэу ди льэпкъэгъуэм драгъэблагъри, щэнхабзэмкІэ министрыр, ди уэрэджыІакІуэ пажжэр ди гъусэу дызэрыщыІэрэ куэд щІакъым. Тыркум ис джылахьстэнейхэр щыпсэу щІыпІэрт дыщыхьэщІар. Тэрч районым щыІэ къуажэхэр зэрыщысым хуэдэу тІысыжащ ахэр, ди Тэрч районыр абдеж яГъэІэпхъуэ фІэкІа умыщІэу кьуажэщІэхэр зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу яхьумэжауэ. Абыхэми дагъэльэпІащ, Хасэм цІыхушхуэ зэхуишэсри.

- Упсэу, Алик. Дяпэкіи ехъулІэныгъэ фиІэну дыныВохъуэхъу.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Куэшей Аликрэ Борсэ ХьэІишэтрэ я фІыщІэ псалъэхэр.

«Нал цІыкІур» къофэ.

Афэрым, «Нал цІыкІу»!

Музыкэ къэрал театрым щагъэлъэпІащ УФ-мрэ КъБР-мрэ цІыхубэ къафэхэмкІэ щапхъэу къыщалъытэ, республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо фестивалхэмрэ зэпеуэхэмрэ я лауреат, «Кавказ Ищхьэрэм и вагъуэщІэ» щыхьыщІэр къызыхуагъэфэща, «Урысей Артидэм» и лауреат, Щ1алэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестиваль 2017 гъэм Сочэ къалэм щекІуэкІам хэта, КъБР-м и Правительствэм и щыхь тхьилъыр мызэ-мытІэу зыхуагъэфэща «Нал цІыкІу» ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум ирагъэкІа концертыр. Пшыхь гуапэр иригъэкІуэкІащ телевиденэм и лэжьакІуэ, уэрэджыІакІуэ Аттаев Азнор.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и гъунапкъэхэр зэпызыупщІу хамэ щІыпІэ куэдым щыІа, илъэс 30 хьуауэ щытхъурэ зэфІэкІрэ иІэу Кавказым ис лъэпкъхэм я цІыхубэ къафэхэр нэгъуэщІхэм я щапхъэгъэлъагъуэу утыку кьызыхьэ «Нал цІыкІу» ансамблым и тхьідэ дахэмкІэ, макъамэ гуакІуэрэ лъэпкъ къафэхэмкІэ гъэнщІауэ экранымкІэ кьатыжар, дауи, гъэщІэгъуэнт, купщІафІэт икІи цІэрыгушхуэнт.

«Нал цІыкІу» ансамблым хэт щІалэ къуданхэмрэ кьупщхьэ гуащэ щыкІэу утыкур зыгъэбжьыфІэ пщащэ зэкІужжэмрэ фащэкІи Іэдэбгъкъи ядахьэхьу, кьафэ гъуазджэм и курыкъыр кьагъэльагъуэу пшыхьым щагъэзэщІащ «къэбэрдей кьафэ», «удж хэш», «лъапэрисэ», «ислъэмей», дагьыстэнэхэм, шэшэнэхэм, кьалмыкъхэм я кьафэхэр, 115-нэ шууей дивизэм и щыхькІэ яГъэувар, нэгъуэщІхэри. КьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІкІэр уэзрыгушхуэнщ, гур хэзыгъахьуэщ. «Нал цІыкІу» ансамблым нэхъапэІуэкІэ и гъэсэну щытахэу иджы «Кабардинка» къэрал академическэ къафакІуэ ансамблым хэтхэм пшыхьым гукъинэжу щагъэзэщІащ Атэбий Игорь игъэува «Мэздэгу адыгэхэм я къафэр».

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэм, Москва кьалэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщ я ныбжьэгъу къафакІуэ гупхэм, «Нал цІыкІу» ансамблым илъэс зэхуэмыдэхэм хэтахэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэхэм псалъэ гуапэ мыухыжхэмрэ лъэпкъ къафэхэмкІэ кьехъуэхъуащ ансамблым. А видеохэр пшыхьым кьыщагъэльэгъуэжащ.

«Нал цІыкІу» ансамблым и махуэр дагъэльэпІэну, яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр нэхъри яГъэбыдэну концертым зыкъратэхьэлІащ Абхъаз, Кьэрэшей-Щэрджэс, Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Ингуш, Щэшэн, Дагьыстэн республикэхэм я кьафакІуэ ансамблхэм я лІыкІуэхэр. Пшыхьым я цІэ кьэщІрагъуащ нэхъапэм «Нал цІыкІу» ансамблым щылэжьа, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІэху КъуэдзІ Іэбубэчыр, Бекъазий Іэдэм, ХъуромэАлий, Бэрэгъуф Руслан, Увьж Анзор, Кьасым Рустам, Дзуэх Альбертрэ Ахьмэдэрэ, Хьалид Роман, Хьэдыкьку Анзор, Чурей Дыжьын, КъуэдзокъуэВиталий, КъудейМурат, Гуэнгъэпщ Артур, Битокъу Оксанэ, Унэжокъуэ Заремэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

Пшыхьым кьрихьэлІэжам я Іэгуауэм щІэту «Нал цІыкІу» ансамблым и артист ныбжьыщІэхэм тыгъэ хуащІащ щІыхь тхьилъхэмрэ кубокхэмрэ.

- Илъэситху ныбжьым и цІыкІуэр зыхэт «Нал цІыкІу» къафакІуэ ансамблыр нэхъыфІу яльагъу, республикэм и щэнхабзэ зэхьыхьэхэм жыджэру зыкъыщІэзгъэльагъуэ гуп дахэхэм ящыщщ. Артист ныбжьыщІэхэм я къафэхэмрэ утыку итыкІэмрэ гур хэзыгъахьуэщ. Дауи, ар зи фІыщІэр ансамблым и унафэщІ Куэшей Аликрэ гупым и гъэсакІуэхэмрэщ. Дяпэкіи ехъулІэныгъэхэр фи куэду утыкур вгъэбжьыфІэну сыныВохъуэхъу! - жиІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Санэ Иннэ**. Абы «Нал цІыкІу» ансамблым и балетмейстер, гупым и юбилеймрэ къыщалъхьа мазхуэмрэ зэдзэзыгъэльапІэ **Борсэ Руслан** къритащ фэеплъ медалрэ УФ-м и Президент Путин Владимир и Іэр зыщІэлъ щІыхь тхьилъэр, 2017 гъэм Щ1алэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестиваль Сочэ къалэм щекІуэкІам жьыджэру зэрызыкъыщагъэльэгъуам папщІэ къыхуагъэфэщар.

Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз** «Нал цІыкІу» къэфакІуэ ансамблым щІыхь тхьилъ къыхуигъэфэщащ, гупыр республикэм и щэнхабзэ гъащІэм жьыджэру зэрыкъэтымрэ илъэс 30 зэрырикъумрэ папщІэ.

Дунейпсо Арткомитетым и вице-президент, академик, Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бейтыгуэн Іэуес** ансамблым псалъэ гуапэ куэд хужиІащ, гупыр къызэрызэрагъэпэщрэ къызэрыдэгъуэгурыкІуэр игу кьигъэкІыжу. Зи лІыкІуэ Іэхуащ1апІэм къыбгъэдкІ дыщэ медалымрэ «Урысейм щІыхь зиІэ и ансамбль» цІэ лъапІэмрэ «Нал цІыкІу» ансамблым къызэрызыагъэфэщам техуха хьэбзар гуапэр абы пшыхьым щыжиІащ икІи сауГъэтыр ансамблым и художественнэ унафэщІ, балетмейстер, КъэбэрдейБалъкъэр, Ингуш республикэхэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Куэшей Алик** иритащ.

Куэшей Аликрэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Борсэ ХьэІишэтрэ фІыщІэ хуащІащ пшыхьым кьекІуэлІахэм, я гупым и махуэр къыдэзыгъэдэхахэм, гулъытэ хьахуэзыщІахэм, гуапэу кьехъуэхъуахэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЕхъулІэныгъэр я куэдыну!

Урысейм щапхъэу, республикэм фІым я фІыжу къыщалъытэ «Нал цІыкІу» сабий ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъур гуапэщ. Кьафэ гъуазджэм и курыкъыр щызыхэсщІар «Нал цІыкІу» ансамблрэ ущыунукъым. «Щэджэм псыкІельэхэр» ансамблым сыкъыщыфэу Куэшей Алик гу кьысІлъэну фІы Іэджэ зэхэсхырти. Алик кьафэм и щэхухэм фІыуэ сызэрыхигъэгъуэзар, а гъуазджэкмкІэ щІэныгъэ къызэрызэрыгъэдилъхьар куэдкІэ кьысхуэщхьэпащ «Кабардинка» къэрал академическэ къафакІуэ ансамблым сыщыхьэжьам. Къыжьапхъэщ, Куэшейм хуэдэу щІэныгъэм зэримысыр. Тынш дыдэу а гупым сакъызэрыдэгъуэгурыкІуэфар и щыхьэтщ «Нал цІыкІум» куэд къызэрызитам. Ди ансамбль цІэрыІуэм щыщ куэд Куэшейм кьафэм хуигъэсащи, дэтхэнэри хуэарэзыщ.

Нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми фІыуэ тпъагъ, дызэрыгушхуэ «Нал цІыкІу» ансамблыр адэкІи еф1экІуэну, кьафэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуищІыну, утыку куэд игъэбжьыфІэну, ехъулІэныгъэ я куэдыну сохъуэхъу. «Нал цІыкІу» ансамблым и щІэблэм зи кьару емыблэжу гу кьабзэрэ псэ хьэлэлкІэ дэлажьэхэм узынщагъэ быдэ яІэну, я мурадхэр кьехъулІэну си гуапэщ.

ГЪУЩІО Залым,
къэфакІуэ.

Ефакіуэу лъэпкъ щэнхабзэм хуэлэжьэну!

КъБР-мрэ УФ-мрэ цІыхубэ къафэхэмкІэ щапхъэу къыщалъытэ «Нал цІыкІу» сабий ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъумкІэ си гуапэу сохъуэхъу. Іэдэбу, зэкІужу утыку ит, къафэр фІыуэ зыльагъу щІэблэм ди республикэм, къэралым къыдэкІуэу, хамэ къэрал куэдым жьыми щІэми Іэгуауэшхуэ зэрыщыхуаІэтыр, я ехъулІэныгъэхэм зэригъэгушхуэр гуапэщ.

КУЭДЫМ фІыуэ ялъагъу, я щапхъэгъэльагъуэ мы сабий къэфакІуэ гуп гъэщІэгъэныр япэу зэрысльагъуэр илъэс 30 мэхъу. НыбжьыщІэхэм ди щІыналъэм и мызакъуэу, хамэ къэрал куэдым дахагъэу щагъэльагъуэр къыпхуэмыІуэтэнщ. Гупым щыщ сабийхэм я гъусэу зыбжанэрэ сежьащи, схужьІэнущ лъэпкъ напэр трамыкьыу, ди щхьэр лъагэу дагъэльэгъужу, къызыхэкІам хуэдизщэу, ехъулІэныгъэхэр яІэу дапщэщи зыкъызэрагъэльагъуэр. А зэфІэкІхэр езыр-езыруэрэ ансамблым къихьэхуакъым. Ар пыщІащ балетмейстер Іэзэ, «Нал цІыкІу» къэфакІуэ гупым и художественнэ унафэщІ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, си ныбжьэгъу, Куэшей Алик. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щІэблэр щІэпІыкІыныным нобэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ Куэшейм кьафэм, сабий псэсныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр кьэлытэгъуейщ. Илъэс 30-м кьриубыдэу абы кьафэм хуигъэсахэр иджы езым и лъагъуэм ирокІуэ, гъуазджэм и цІыху кьищІыкІауэ, лъэпкъ къафэмрэ фащэмрэ щІэблэм лъагъуныгъэ хурагъэщІу. Си шынэхъыщІэм и узыншагъэмрэ кьарумрэ дяпэкіи мыкІэущІу, утыку быгъэбжьыфІэ и гъэсэнхэм республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо фестивалхэмрэ зэпеуэхэмрэ я пашэу, еф1акІуэу, я цІэр жьыжь щыІуу лъэпкъ щэнхабзэм иджыри илъэс куэдкІэ хуэлэжьэну Тхьэм жиІэ!

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

ГуфІэгъуэ пшыхьым кьрихьэлІаэхэр.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Къэб хьэнтхъупс

Къэб тхьэщIар гъущэу зыгъэщI, IупщIэурэ зэгъауд, и фэр трагъэжри, г 25-30 хъу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ. Шыуаным тхъу иралхьэри къагъэплъ, абы къэб упщIэтар халъхьэ, бэлагъкIэ зэлащIэурэ мафIэ щабэм тету дакъикьий-пщыкIэ ягъажьэ, зэлащIэурэ псывз щIакIэри, дакъикъэ 15-20-кIэ ягъавэ. Мис иджы псыр щIоващIэ щыжаIэм дежь къэбыр шыуаным зэрилъу яуб. Шэ гъэпщта щIакIэ, зэлащIэурэ дакъикьипщI-пщыкIутху хэдзакIэ мафIэ щабэкIэ ягъавэ. ИужькIэ фо е фошыгъу халъхьэри, зэлащIэурэ дакъикъи 5-6-кIэ ягъавэ.

Къэб хьэнтхъупсым и фэр гъуэжь дахэу, мэ гуакIуэ къыхихыу щытщ. Езы хьэнтхъупсыр и IувагъкIэ мыраМысэ пIащIэм ещхьщ. Пщтыру яшх лэкъум е щIакхъуэ и гъусэу.

Къэб хьэнтхъупсыр гъэткIыгъуафIэщ, сэбэпышхъэщ зи кIэтIий, тхьэмщIыгъу узхэмкIэ. Витамин А куэду хэлъщ.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): къэбу - г 250-рэ, псыуэ - г 300, тхъуэу - г 60, шэуэ - г 450-рэ, фоуэ е фошыгъуу - г 30.

КIэртIоф пIастэ

КIэртIоф укъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ин хэлъмэ, тIууэ-щыуэ зэгъаупщIыкI псори зэдзэвэн щхьэкIэ. Щыуаным иралхьэ, псыр щIакIэри, и щхьэр теплаУ мафIэ щабэм тету ягъавэ. Псыр щIэваущIу зэрыхуежьэу, шэ гъэпщта щIакIэ, кхъуей гъэщэщэ хакIутэри, бэлагъкIэ яубгъэ Iув хьуху ягъавэ.

КIэртIоф пIастэр щабэу, тыкъыр хэмылъу щытын хуейщ. Кхъуей хэплъхьан зэщIащхъу имыщIамэ, шыгъу щабэ хэбдзэу зэIыпщIэж хъунущ. Пщтыру тепщэчкIэ Iэнэм трагъэувэ. Щхьэхуэу дытрагъэувэ шатэ, шатэкIэ щIа бжьыныкъу шыпс.

Хуабжьу шхыныгъуэ къуатщ. Нэхъыбэу щагъэхьэзыру щытар гъатхэмрэ щIымахуэмрэщ.

Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ): кIэртIоф укъэбзауэ - г 500, псы зэрагъэвэну - г 150-рэ, шэ гъэпщтауэ - г 280-рэ, кхъуей быдэу - г 400, шатэу - г 120-рэ, бжьыныхуу, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ГушыIэхэр

Ахъшэр сыбгъэкъутэу ара?

Шухьиб гъуэгум тет автоинспекторым къитъуэвыIауэ къетхьакъуэу хэтт. Зы ахъшэ зэгуэт закъуэ иIыгъти, ар иритмэ, Iуэху щIежьар зэфIэмыкIынкIэ зэрыхъунум иригъаявэу, ар убээрт:

- КхъыIэ, къуэш, сутIыпщыж. СынопIъри, угъурыicфэ дыдэ птетщ. Мыращ сIыгъыр. Iуэху сиIэу соклуэ.

- Мис мо итхъам ущыщхьэдэжэхьм абы щхьэ уемыгупсысарэ?

- Тхьэм щхьэкIэ къыхсуэгъэгъу. Гу лъыстакъым. Укъыззэмытхьэкъуу хьунукъэ?

- Хьунукъым!

- Мы зызакъуэр зэкIэрыту сIыгъыу аращ...

- Хьунщ. Ухэзгъэзыхьыщэнкъым. Мыр къызыбот, ущгъэрыкIыну хуэдиз къызо-гъанэри, адрейр къыбощтэж. ДызэгурыIуэ?

- Хьунщ. ДызэгурыIуащ. Мэ...

Инспектор щIалэм ахъшэ зэгуэтыр кIыщтэри, и жьыпм ирилъхьащ. Адрей жьыпм кIриха ахъшэхэм кIапибжькIыIурэ кIуриту щIидзащ, ущгъарэзым деж уи щхьэр щIыIэри...

- Мыр зы, мыр тIу...

Шухьиб зигъэхьейртэкъым.

- Мыр щы...

Шухьиб ещхьмт. Дэгу зищIауэ, кхъыуашийр ипхъуатэрт.

- Плы...Тху... Жы... Блы...

Ахэри ипхъуатэри, Шухьиб инспекторым и Iэпэм еплъу увыжащ, иджыри кхъь жьыхуиIэу.

- Уа, къуэш, мыр сыбгъэкъутэу ара, хьэмэрэ штраф къыхэптрэ? - щIэупщIащ инспекторыр.

Мэкъу драгъауэ

Махуэ псомефэ-ешхэм яхэта Iэбыдэ унэм къыщыдыхьэжам, пшапэр зэхэуат. Iэщым яхэт фызым зыкъримыгъэплъагъуу пIэм зыхидзэжа щхьэкIэ, и мурад къехъулIакъым. Фызыр къызэрыщIыхьэжу пIэм хэпъ и лIыр къиплъагъури, кIиин щIидзащ. Фадэр - зы, Iэщ мэжалIам я шхын зэрыщымыIэр - тIу! КIэщIу жьпIэмэ, фыз губжьам зэщIиха жьэм къыщихужри, ябгъукIэ къыщыт къуажэкхъэм ихьащ, шэмэджьижьыр иIыгъыу шыудз тIэкIу мыбдеж щыпиупщIын и мураду.

Зихуэзэжыныр хущIигъэхьатэкъым Iэбыдэ фызым и жьэм. ЩIагъщIэлъ хужь щыгъымкIэ шырыкъым иува къудейт. Жэщыр мазэгъуэ дахэти, щIагъщIэлъ хужькIэ мэкъу еузу кхъэм и кум ит Iэбыдэ IупщIу кIыфыгъэм кхъхэщырт. ЗэрыгъэкIийрэ кхъэзрекужкIыу кином къикIыж щIалэгъуалэ гупыкIр кхъэм кхъыщысым, мэкъу еузу джэбын хужь кхъэм итыр щагъагъум, я псалъэмакъыр пачри, зэщIэувыIыкIащ.

- Уа-а, феплъыт мобы! - жиIащ зым.

- Тобэ, сыт мы слъагъур? - дыщIигъуащ етIуанэм.

- Бисмылахьи рэхьмани рэхьим... - къыжьэдэкIащ ещанэм.

Псори щым хъуарэ я пIэм ижьыхьауэ зэхэтт. Абыхэм гу яIыэзыта Iэбыдэ и махьам зригъэхъуэжри кхъахэкIиящ:

- Сыт фи нэр къитIэтIу фыкъыщIэплъэр? СлIожь, мыбы дыщагъатхъэ фи гугъэ? Мис, мэкъу драгъауэ!

ЗэрыгъэкIийуэ щIалэгъуалэр щIэпхъуэжащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, пшапэр зэхэуауэ а уэрамымкIэ куэдрэ цIыху щызекIуакъым.

ДУМЭН Мурадин.

Къэнжал зауэр зэриухрэ илъэс 310-рэ ирокъу

Адыгэ зауэлIхэр Кърымыдзэм текIуа иужькIэ я къуентхъэр щагуэшыжа щIыпIэм, Къэнжал бгым и Iэгъуэблагъэм хиубыдэм, Джэрыджэхэ я лъагапIэкIэ йоджэ.

Абдежым сурэт щызытригъэхащ адыгэ лъэпкъым Iуэху дахэ куэдкIэ хуэщхьэпэ, хэкупсэ нэс Джэрыджэ Хьэсэн.

● Псалъэжьхэр

Хабзэ зыгъэзащIэм хабзэ егъуэтыж

♦А сигу, зыIэжьэ, а си жьэ, зыубыд.
♦Абдж щыкъуейм лъапIэу уэхмыувэ.
♦Адыгэ и Iэгъэзагъэ щхьэкIэ - гугъэзагъэкъым.
♦Зи щхьэ Iуэху зыхуэмыщIэжыр хамэ Iуэхуэ ерыщщ.
♦Ныбжьэгъум занщIэу къыбжиIэнщ, бийм уи щыбкIэнщ.
♦Фы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым.
♦ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.
♦Фащэм я нэхъ дахэр укIытащ.
♦Хабзэ здэщымыIэм зэгурыIуи щыIэкъым.
♦Хабзэ зыгъэзащIэм хабзэ егъуэтыж.
♦Хабзэ зыщIэм и Iуэху мэкIуатэ.
♦Хабзэмыщ Iэ Iуэху зэIыщIэщ.
♦Хамэ дагъуэр лъагъуэфIэщ.
♦Хейм гъуэгу егъуэт.
♦Хуэмыху и Iуэху блэкIыркъым.
♦Хъушэм къакIэрыхуа мэлыр дыгъужьым пэщIохуэ.
♦Хьэм и кIэм утеувэмэ, къодзакъэ.
♦Хьэщ Iэр хьэзыр щхьэкIэ, бысымыр хьэзыр?

● Зы уэрэдым и хъыбар

«Къэгъэзэж»

Адыгэ тхакIуэ, уэрэдус Бахъуэ БетIал и къалэмыпэм кIыныкIащ рассказ, усэ купщIафIэхэр. АраУи къыщIэкIынщ цIыхубэм ар фIыуэ ялъагъуу щIыщытар. БетIал и тхыгъэхэм нэхъыбэу къыщIиIуэтар езым и нэгу щIэкIахэращ.

ХЭТ ФЭ фщыщу зэхэзымыхар «Адыгэ нысэ унэм идошэ» е «Хэт епта си гъатхэр?» уэрэдхэр.

Нобэ зи гугъу тщIыри, абыхэм ещхьу, дзапэ уэрэду ди гъащIэм къыхэнахэм ящыщщ. Ар зэраусрэ илъэс щэ ныкъуэм щIигъуами, иджыри цIыхухэм ящыгъупщакъым, щIэх-щIэхыурэ ди радиоми телевиденэми къат.

Уэрэджыкуэ ПащIэ Ленэ япэу игъэзащIахэм ящыщ зыщ мыр. Абы зэрыжиIэжымкIэ, радиомрэ телевиденэмрэ я хорым щылажьэу зэхихауэ щытащ Бахъуэ БетIалрэ Сэхъу Хьэсэнрэ зэбгъэдэсу макъамэ дахэ гуэр пшынэм кърагъэкIыу.

- Сыдихьэхауэ макъамэм сызэредаIуэм БетIал гу щылъитэм, къызбгъэдыхьэри, усэ гуэр къысхуишящ: «Еджэт мыбы», - жиIэри. Псалъэхэр апхъэдизкIэ сигу ирихьати, селъэIуащ уэрэдыр сэ сагъэгъэзэщIэну. ЗанщIэуи микрофоным сыбгъэдэдэри, а махуэ дыдэм ттхауэ щытащ. «Къэгъэзэж» уэрэдыр, дэнэ дымыкIуами, тIэуущэ жызамыгъэIэжу сыкъауТIыпщыжыр-тэкъым. Пщыхьэщ Iэ Мухьэжыр си пшынауэу куэдрэ цIыхубэм я пащхьэ къитхьащ ар. Сэ уэрэд зыбжанэ сиIащ, Бахъуэ БетIал итхащ. СфIэфIт абы и уэрэдхэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уи гъащIэм щыщ зы Iыхьэ гуэру къыпщIихъуу апхуэдэт абы итхэр, - жеIэ ПащIэ Ленэ.

КIУНТЫЩ-ЩЭПЦIЭ Аннэ,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

● Адыгэ лIакъуэхэр

КIэмыргуейхэр

«КIэмыргуей» псалъэм и мыхьэнэр гурыIуэгъуащэу щытхъым, ауэ а фIэщыгъэр зезыхьэ адыгэ лъэпкъыр ижь-ижьыж лъандэрэ Лабэшхуэрэ Щхьэгуащэрэ я тIуащIэм щопсэу.

КIэмыргуейхэм я бзэр тенджыз фIыцIэ Iуфэм Iус адыгэхэм я псалъэкIэм нэхъ ещхьщ, къабзэдейхэмрэ бесльэнейхэмрэ игъащIэми ягъэблагъэу къэгъуэгурыкIуэми. КIэмыргуей пщыхэр къалъытэ Инал и лакъуэхэм (къэбэрдей, бесльэней пщыхэр къызытехъуькIаxэм) къаэкIауэ, езы лъэпкъхэм я къежьапIэр зыуэ.

Тхыдэ дэфтэрхэм къаззэрыкъащымкIэ, XIX лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу унагъуэ мини 5 хъууэ щытащ. Ахэр хуэщIауэ псэурт: Iэщыр яхуэбагъэрт, ящIри пшэрти, гъавэ бэв къытрахырт. Абыхэм сату дащIырт я гъунэгъу лъэпкъхэм. Лъэпкъым хуиту зрагъэужьакъым увыIэгъуэ имыIуэ къатеуэу щыта бийхэм. КIэмыргуейхэри, адрей адыгэ лъэпкъхэми хуэдэу, лъэщу ягъэщIэтащ кърым тэтэрхэм, Индыл къызэпрыкIыу Кавказ Ищхьэрэм и губгъуэ хуитхэм къитIысхьэу щыта нэгъуэйхэм, нэгъуэщIхэми. Кавказ зауэм и ужькIэ кIэмыргуейхэм я бжыгъэм фIыуэ хэщIащ: зауэм хэкIуэдахэм мынэхъ мащIэ емынэ узым итхащ, куэди хэкум икIыжащ.

КIэмыргуейхэр нобэ щопсэу Адыгэ Республикэм, Краснодар крайм, Тыркуем, Сирием, Иорданием. Адыгей литературэзэм и лъабжьэщ кIэмыргуей диалектыр.

Мамхэгъэхэр

И цIэр къанэу кIуэдыжа адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зыщ.

Мамхэгъэхэр ЩхьэгуащэрэКуржыпсымрэ я зэхуаку щимэу дэлъ щIы. Iыхьэм щыпсэуащ. Я зыныкъуэхэм ахэр абаззэхэкъм ящыщу ябжыгъ, ауэ езы мамхэгъэхэм апхуэдэу къалъытэртэкъым. Мамхэгъэхэр, абаззэхэхэм, натыхъуейхэм, нэгъуэщI адыгэ лъэпкъхэм хуэдэу, пщырэ пщылIя ямыIэу псэуащ; адыгэ лъахэр яубыдыну къыхуеIэ бийхэм ахэр лъэщу езэуащ.

Кавказ зауэр мамхэгъэхэм я щIыналъэм 1822 гъэм къэсащ. Урыс генералхэм мамхэгъ адыгэ унагъуэу зы мин хуэдиз залымыгъэкIэ Прочный окоп быдапIэм и Iэхэлъахэм ягъэIэпхъуащ. Мейкъуапэ вёрстиккIэ пэжьижьэу тIысащ Пэтыкъуейр, Куржыпс станицэм ищхьэIуэкIэ зы вёрсткIэ удэкIуеймэ - Дыгъухьэблэр, ХьэщIэмырзейр - иджырей Тульскэ станицэр здэщыс щыпIэм, Къуралыр - Шхьэгуащэрэ Куржыпсымрэ я тIуащIэм. Мамхэгъэхэр ямыгъэIэпхъуэ щIыкIэ унагъуэ 1500-рэ хъууэ щытащ.

Адрей адыгэ лъэпкъхэм, псом хуэмыдэу абаззэхэхэм, я нэгу щIэкIам хуэдэ мамхэгъэхэми ялъэгъуащ. Зауэ кIыхьхэм, уз зэрыщIалэ Iейхэм, ИстамбылакIуэм а лъэпкъ цIыкIум и цIыху бжыгъэр ягъэкIуэщащ, къэнар хуэмурэ яхэщIыпсхьыжащ зыхэс адрей адыгэ лъэпкъхэм (п.п., абаззэхэхэм).

● ТхылъыщIэ

«ГушыIэр Тхьэм и щIасэщ»

Аращ зэреджэр Къармэхьблэ (Каменномост) дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Лыхь (Къэшэж) Людмилэ «Тетраграф» ООО-м иджыблагъэ къыщыдигъэкIа тхылъым. Абы щызэхуэхьэсащ гушыIэ, таурыхъ, хьыбар гъэщIэгъуэнхэр. Тхылъыр сабийхэми балигъхэми яхуэгъэзащ, ар къызыIэрыхьэ дэтхэнэми дихьэхуу икIи фIэщIэщыгъуэу щIиджыкIынущ.

«ДЭНЭ къикIа мы тхылъым ихуа гушыIэхэр?» жыпIэмэ, ахэр куэд мэхъу: газетхэм, журналхэм къысхащ, адэмыдэкIэ жаIэжу щызэхэсхахэр стхыжащ, урысыбзэкIэ сызэдэIуауэ е сызэдджауэ адыгэбзэм къызгъэтIэсахэри хэтщ. ГъащIэм пэж дыдэу къыщыхъуауэ къарикхъэблэдзэхэм къаIуэтэж, сымытхмэ, кIуэдыжьыкIэ сызытешыныхь гушыIэ-хъыбархэри хэзгъэхьащ. КъыздикIари щызэхэсхари сымыщIэж, ауэ стхыурэ сызэрыстудент пIандзэр зэхуэсхьэсауэ нобэм къэсахэри куэд мэхъу. ГушыIэм гъащIэм къыпещ. Си Iэдакъэщ Iэкъэр фигу ирихьу щытмэ, ар сэркIэ гухэхъуэщ-, - щетх тхылъым и псалъапэм Лыхь Людмилэ.

ГушыIэм и закъуэкъым тхылъым щыгъуэтынур. Абы итщ сабийхэм пащIэ (балигъхэмкIи икъукIэ гъэщIэгъуэн хъунущ) зэхуихьэса упщIэ гъэщIэгъуэнхэр, жыIэгъуэхэр, IуэрыIуатэм щыщ Iыхьэ гуэрхэр.

Мы къыдэкIыгъуэм елъытыгъуэ щIып